

Kategori: **ELÈV**

Pibliye : 19/01/2017

Nimewo : **A-101**

Sijè: ADMISYON, READMISYON, TRANSFÈ AK AVI SOU LIS POU TOUT ELÈV

Paj : 1 nan 2

REZIME CHANJMAN YO

Règleman sa a ranplase Règleman Chanselye *Chancellor's Regulation (CR) A-101* ki gen dat 22 septanm 2016.

Chanjman:

- Li klarifye ke definisyon paran gen ladan ni paran byolojik ni paran adoptif, paran paalyans, responsab leta deziye, paran nan fwaye akèy *foster care* ak moun ki jwe wòl paran pou yon timoun. (paj 1, nòt referans 1).
- Li klarifye ke elèv ki nan *foster care* ak elèv ki nan lojman tanporè gen dwa pou rete nan lekòl prensipal ak nan lekòl ki pou sektè *zoned school* yo oswa si *zoned school* la pa egziste, pou yo ka ale nan yon lekòl apwopriye si li nan pi bon enterè yo pou fè sa menm si yo kite vil Nouyòk. (p. 2, Seksyon I.A.6.a)
- Li klarifye ke minè emansipe, elèv ki gen laj 18 lane oswa plis ak elèv ki responsab tèt yo pa bezwen yon paran pou akonpaye yo pou enskri oswa transfere nan lekòl. (paj 2, nòt referans 2).
- Li klarifye ke plasman pou nenpòt elèv ki gen laj pou ale lekòl k ap chèche rantre lekòl dwe fè nan pwochen jou lekòl la, si posib, men pa pi ta pase 5 jou lekòl. (p. 3, Seksyon I.A.14)
- Li klarifye kritè priyorite pou admisyon pou pre-K ak Kindergarten. (pp. 5-6, Seksyon II.B ak II.C).
- Li klarifye kritè priyorite pou admisyon pou elèv k ap aplike nan lekòl presegondè ki pa abite nan distri kote yo te lekòl primè a. (p. 6, Seksyon II.D.1.c)
- Li gen pwovizyon ki di lè *zoned school* yon elèv chanje akòz redefinisyon yon plan limit fwontyè pandan peryòd aplikasyon an, kote ki sektè lekòl li a se pou *zoned school* ki anvigè nan moman enskripsyon an, eksepte pou elèv ki gen yon frè/sè *sibling* yo verifye ki nan ansyen *zoned school* la ka kenbe priyorite *zoned school* ki pou *sibling* lan si yo prevwa sa nan plan redefinisyon an. (p. 8, Seksyon II.G).
- Li defini "atikilasyon" sou rapò li genyen ak pwosesis admisyon. (p. 9, Seksyon II.I).
- Li klarifye nan ki sikonstans elèv ki fini nan yon pwogram gen dwa pou kenbe plas nan yon lekòl ki matche avèk yo kote yo pa t ye avan. (p. 9, Seksyon II.I.3 ak II.I.4).
- Li klarifye ke elèv k ap retoounen nan DOE apre yo fini ane akademik lan nan yon lòt lekòl pa gen garanti pou retounen nan lekòl kote yo te voye yo a avan yo te soti nan pwogram lan, byenke yo ka konsidere lekòl sa. (pp. 9-10, Seksyon II.I.5).
- Li klarifye ke Biwo enskripsyon elèv *Office of School Enrollment*(OSE) pral pran desizyon final sou plasman pou elèv k ap retounen. (Paj 10, Seksyon II.I.5; p.10, Seksyon III.A).
- Li gen pwovizyon pou elèv ki te nan yon lekòl Vil Nouyòk ki pa espesyalize nan moman l ap kite pwogram lan pou ale yon kote sou lòd tribinal, yon kote sou siveyans oswa nan yon pwogram pou tretman gen dwa pou retounen nan lekòl sa a si yo retounen nan yon ane apati dat li kite pwogram lan nan lekòl sa a (p.11, Seksyon III.A.4; p. 21, Seksyon VIII.G.2).
- Li gen pwovizyon pou transfè distri G&T distri sou chanjman nan distri kote elèv K-5yèm ane. (p. 11, Seksyon IV.B.1)
- Li gen pwovizyon pou elèv k ap chèche transfè pou rezon sekirite elèv la oswa paran l ka soumèt yon deklarasyon alekri oswa lòt dokiman pou sipòte demann transfè a. (p. 12, Seksyon IV.B.5.a)

Kategori: **ELÈV**

Pibliye : 19/01/2017

Nimewo : **A-101**

Sijè: ADMISYON, READMISYON, TRANSFÈ AK AVI SOU LIS POU TOUT ELÈV

Paj : 2 nan 2

- Li gen pwovizyon pou fè investigasyon sou adrès pou verifye kote elèv abite nan *foster care* ak nan lojman tanporè. (p.18, Seksyon VII.B.5).
- Li retire elèv k ap tann pou jwenn plas nan yon *foster care* nan definisyon jèn sanzabri, ki responsab tèt yo ak jèn ki sove kite kay yo. (p. 19, Seksyon VIII.D.1)
- Li bay ki faktè pou yo konsidere lè y ap decide ki kote ki pi bon pou yon elèv ki nan lojman tanporè oswa nan *foster care*. (p. 19, Seksyon VIII.D.2 & 3).
- Li defini "lekòl prensipal" pou elèv ki nan lojman tanporè ak elèv ki nan *foster care*. (p. 19, Seksyon VIII.D.1.c; p. 20, Seksyon VIII.E.1.b).
- Li gen pwovizyon pou plasman tanporè elèv ki nan lojman tanporè si gen yon dezakò konsènan plasman. (p. 19, Seksyon VIII.D.3.a)
- Li defini "fwaye akèy". (p. 20, Seksyon VIII.E.1.a)
- Li pèmèt elèv ki nan *foster care* transfere si yo panse l ap pi bon pou li pou chanje lekòl epi mete faktè pou yo konsidere pou konnen sa ki pi bon pou elèv la. (p. 21, Seksyon VIII.2.b & c).
- Li klarifye pwosesis avi sou lis la (p. 21-22, Seksyon IX.B).
- Kounye a yo rele kesyonè sou adrès la" kesyonè sou lojman" epi yo revize l pou di distri lekòl la pa ka devwale enfòmasyon sou sityasyon lojman san konsantman paran. Dokiman siplantè No. 6 pou regleman an.

REZIME

Règleman sa a ranplase Règleman Chanselye *Chancellor's Regulation* (CR) A-101 ki gen dat 22 septanm 2016. CR A-101 fikse règleman konsènan fason sistèm leta Vil Nouyòk fè admisyon, ranvwa, ak transfè elèv.

I. ENTWODIKSYON

Se sèl Biwo pou Enskripsyon Elèv *Office of Student Enrollment* (OSE) ki gen otorite ak responsablite pou règleman ak planifikasyon enskripsyon pou tout lekòl eksepte sa yo ki nan Distri 75 ak Distri 79. Sipèntandan pou distri sa yo gen responsablite pou fòmaliye ak règleman enskripsyon nan distri sa yo.

A. Admisyon nan lekòl – Règleman ak Pwosedi Jeneral

1. Yo pa ka refize pran timoun nan yon lekòl leta poutèt ras li, koulè po li, kwayans li, peyi li sòti, sèks li, sèks li idantifye tèt li, poutèt li ansent, kondisyon imigrasyon/sitwayènte li, andikap li, oryantasyon seksyèl li, relijyon l, oswa etnisite l.
2. Yo dwe admèt timoun ki vin gen katran nan ane kalandriye admisyon an nan pre-kindergarten (pou kèk pwogram espesifik ak lè gen plas disponib).
3. Timoun ki vin gen senkan nan ane kalandriye yo admèt li nan yon lekòl oblije ale epi yo dwe admèt yo nan kindergarten, kit timoun sa yo ap antre lekòl pou premye fwa oswa kit yo te nan yon lòt lekòl, sepandan timoun sa yo pa oblije ale nan kindergarten si :
 - ¹ paran yo pito chwazi pou mete yo nan klas 1ye ane pou ane lekòl apre a, oswa
 - yo nan lekòl prive oswa nan pwogram lekòl adomisil.

Timoun ki vin gen sizan nan ane kalandriye admisyon an oblije ale nan klas 1ye ane dapre sa ki di nan paragaf 5 (pi ba a).
4. Li obligatwa pou timoun ale lekòl depi yo gen senkan, eksepte nan ka 3a oswa 3b pi wo a. Li obligatwa pou timoun ale lekòl jis nan fen ane lekòl kote yo vin gen laj 17 ane epi, si yo poko pran yon diplòm lekòl segondè, yo ka rete lekòl jis nan fen ane lekòl yo vin gen 21 ane.
5. Nan ka kote yon elèv oblije ale nan klas 1ye ane dapre laj li, men direktè a jije li ta pi bon onivo akademik pou yo mete l nan yon lòt klasepi direktè a pral konsilte Sipèntandan an konsènan plasman an epi sipèntandan an epi l ap bay dokiman medikal oswa lòt dokiman valab ke paran oswa responsab la soumèt ki jistifye rezon pou yo mete l nan yon lòt klas. Sipèntandan an ap pran desizyon final la konsènan nivo klas ki apwopriye pou elèv la.
6. Yon elèv dwe abite nan Vil Nouyòk pou li gen dwa ale nan lekòl leta Vil Nouyòk. Nenpòt elèv ki pa abite nan Vil Nouyòk dwe soumèt yon aplikasyon nan OSE pou yo ka konsidere l pou l antre nan yon lekòl leta Vil Nouyòk dapre CR A-125.
 - a. Elèv ki nan *foster care* ak elèv ki nan lojman tanporè ap rete nan lekòl prensipal ak nan lekòl ki pou sektè *zoned school* yo oswa si *zoned school* la pa

¹ Jan yo itilize paran nan règleman sa a vle di paran oswa responsab elèv la, oswa nenpòt moun ki sèvi kòm paran oswa responsab elèv la. Definisyon mo paran an gen ladan: paran byolojik oswa paran adoptif, bopè-bèlmè, responsab legal, *foster* paran, ak "moun ki reprezante paran" yon timoun ki nan yon lekòl nan moman an." Tèm moun ki reprezante paran an fè referans avèk yon moun ki pran swen yon timoun paske paran oswa responsab timoun sa a pa disponib, menmsi se paske, pami lòt bagay, lanmò, anprizònman, maladi mantal, pa rete nan eta a, oswa abandon timoun lan.

egziste, pou yo ka ale nan yon lekòl apwopriye si li nan pi bon enterè yo pou fè sa (gade seksyon VIII.D ak VIII.E.), menm si yo kite vil Nouyòk.

7. Tout elèv dwe ranpli yon kesyonè sou kote yo abite *Housing Questionnaire* lè y ap enskri nan lekòl yo. Yo dwe refere tout elèv yo idantifye kòm moun ki abite nan lojman tanporè nan pwogram elèv ki nan lojman tanporè *Students in Temporary Housing* (STH). Gade Kesyonè sou lojman an (Dokiman siplemantè No. 6) ki vini avèk Gid sou lwa McKinney-Vento pou paran ak jèn *Guide for Parents and Youth* (Dokiman siplemantè No. 7).
8. Pou yon elèv ka enskri nan yon lekòl leta Vil Nouyòk, ni paran an ni timoun lan dwe prezante ansanm,² epi yo dwe vini avèk:
 - a. Prèw adrès yo ka verifye (gade seksyon VII);
 - b. Dokiman pou pwouve laj, tankou batistè, paspò, (egzanp paspò yon peyi etranje), oswa sètifika batèm (ki gen ladan l dat nesans). Si dokiman nou mete pi wo a pa disponib, yo ka konsidere lòt dokiman oswa dosye pou detèmine laj yon timoun:
 - i. lisans pou kondui;
 - ii. kat idantite gouvènman oswa eta bay (paegzanp kat IDNYC);
 - iii. kat idantite lekòl bay ki gen dat nesans ou;
 - IV kat Idantifikasyon konsila peyi w ba w;
 - v. dosye lopital oswa dosye medikal ;
 - vi. kat didantite kòm depandan yon paran militè;
 - vii. dokiman ajans federal, eta oswa lokal bay (paegzanp, ajans lokal sèvis sosyal, Federal Office of Refugee Resettlement);
 - viii. lòd tribinal oswa lòt dokiman tribinal ba w;
 - ix. dokiman tripi endyen Ameriken; oswa
 - x. dosye yon ajans èd entènasyonal ki la pou pa fè pwofi ak ajans kote moun ofri sèvis yo kòm volontè.
 - c. Dosye vaksinasyon timoun lan (si li disponib);
 - d. Dènye kanè oswa relve nòt lekòl timoun lan (si l disponib);
 - e. Plan Edikasyon Endividyèl Individualizeed Education Program (IEP) timoun lan ak/oswa Plan 504 pou akomodasyon, si genyen youn ak si l disponib.

Si yon elèv pa ka bay prèw li pran vaksen, yo dwe enskri l pwovizwaman epi lekòl la dwe pran aksyon apwopriye dapre pwosedi ki tabli nan CR A-701.

Si yon elèv pa ka prezante yon batistè, yon paspò, yon ak batèm, oswa yon lòt dokiman apwopriye pou pwouve laj li, yo dwe enskri l pwovizwaman epi lekòl la dwe pran mezi apre pou asire plasman l nan klas apwopriye.
9. Lekòl ke yon lekòl oswa OSE, yon pwogram Distri 75, oswa Komite pou Edikasyon espesyal *Committee on Special Education* (CSE), lè se ka a, deziyen oswa mete sou rejis apwopriye pou yon elèv ale pa ka refize pran elèv la.
10. Si yon elèv ranpli fòmalitye pou enskripsyon oswa enskri pou ale nan yon lekòl primè kote li elijib pou l ale (paegzanp dapre adrès kay li, priyorite poutèt *sibling*, rekòmandasyon pou pwogram espesyalize), elèv la dwe toujou elijib nan moman

² Yon paran pa bezwen akonpaye elèv la pou yo ka enskri l oswa transfere l nan lekòl si elèv la se yon minè ki endepandan, ki gen laj 18 lane pou pi piti oswa ki responsab tèt li.

admisyon an pou l ale nan lekòl la. Si kondisyon sou elijiblite elèv la chanje, OSE ap transfere elèv la, epi l ap enskri l nan yon lekòl apwopriye kote li elijib.

11. Si yo aksepte yon elèv nan sistèm lekòl leta Vil Nouyòk la pou premye fwa nan klas 2yèm rive 8yèm ane apre li te nan yon lòt distri lekòl, y ap mete elèv sa a nan yon klas dapre dosye edikasyon elèv sa a nan dènye lekòl li te ye a ke yo prezante pou enskripsyon l. Si pa gen ase dosye edikasyon ki ka fè wè nan ki klas pou yo mete elèv la, y ap mete l nan yon klas dapre laj li.
12. Pou elèv ki fèk vin nan lekòl leta Vil Nouyòk epi ki pa gen dosye lekòl, men jaan y ap fè plasman an :
 - a. Nan ka yo mete yon elèv nan klas 2yèm ane rive 8yèm ane, epi direktè a jije ke yon plas nan yon lòt klas ta pi bon pou elèv la, l ap kontakte Sipèentandan an epi l ap bay prèv pou jistifye tout rekòmasyon li fè. Sipèentandan an ap pran desizyon final la konsènan nivo klas ki apwopriye pou elèv la.
 - b. Pou elèv ki gen laj pou ale lekòl segondè, y ap mete yon elèv ki pa gen dosye edikasyon epi ki vin gen laj 15 ane nan ane kalandriye lekòl admisyon an, (nan 30 jen oswa avan) nan klas 9yèm ane . Nan ka kote yo mete tip elèv sa a nan lekòl segondè, direktè a oswa reprezantan l ap deside apresa nan ki klas apwopriye pou mete l lè yo resevwa dosye edikasyon apwopriye yo.
13. Si yon elèv kite sistèm lekòl leta Vil Nouyòk la epi l ap retounen nan menm ane a(30 jen oswa avan, y ap bay elèv la plas an konsiderasyon nivo klas li te ye nan lekòl Vil Nouyòk li te ye avan an, ak dapre dosye edikasyon ki soti nan dènye lekòl li te ye a ki disponib nan moman enskripsyon an. Si pa gen dosye disponib, y ap mete elèv la nan menm nivo klas li te ye lè l te kite sistèm lekòl Vil Nouyòk nan ane lekòl sa a. Si yon elèv kite sistèm lekòl leta Vil Nouyòk la epi l ap retounen nan sistèm lan nan yon ane apre, y ap bay elèv la plas nan menm kondisyon yon elèv k ap antre nan lekòl leta Vil Nouyòk pou premye fwa, jan yo di sa nan paragaf 12 (pi wo a).
14. Li klarifye ke plasman pou nenpòt elèv ki gen laj pou ale lekòl k ap chèche rantre lekòl dwe fè nan pwochen jou lekòl la, si posib, men pa pi ta pase 5 jou lekòl.
15. Elèv ki bezwen antre nan lekòl segondè, men ki pa t patisipe nan pwosesis admisyon lekòl segondè a, dwe ale nan yon Sant Byenveni pou Fanmi pou yo ka enskri. Pa gen lekòl segondè (eksepte lekòl Distri 75, pwogram Distri 79 ak lekòl transfè yo) ki ka enskri elèv.
16. Dapre lalwa, yo pa ka egzije ni mande elèv pou yo prezante papye imigrasyon ni yo pa ka refize pran yo lekòl dapre sityasyon imigrasyon yo oswa si yo pa prezante dokiman sou sityasyon imigrasyon yo. Referans sou sityasyon imigrasyon yon timoun oswa yon paran pa dwe parèt nan okenn fòm ak/oswa dosye lekòl.
17. Y ap admèt elèv ki sou kont ajans byennèt sosyal, enstitisyon jistis pou minè ak ajans penitansye, nan lekòl nan fason yo di nan Seksyon III.A.4, VIII.D, VIII.E, ak VIII.G. yo.
18. Elèv ki nan klas kindergarten rive klas 12yèm ane ki chanje adrès nan Vil Nouyòk gen dwa rete nan lekòl yo te ye lè yo te nan kay yo te abite anvan an jiskaske yo fini dènye klas la. Yo pa ka transfere elèv nan lekòl sektè *zoned school* yo oswa nan distri yo kote yo abite akoz pwoblèm akademik oswa pwoblèm disiplin eksepte dapre pwosedi ki tabli nan CR A-450.
19. Paran elèv lekòl primè ak presegondè y ap pale yo nan Seksyon I. A.18 pi wo a, ki pa elijib pou rete nan lekòl yo ye kounye a poutèt y al abite nan yon lòt adrès, responsab pou elèv yo prezan ak rive alè lekòl. Elèv sa yo pa p vin elijib pou transpò nan otobis jòn san konsidere sa CR A-801 an di. Si yo kontinye absan ak anreta, lekòl la dwe travay avèk elèv la ak fanmi l pou fasilite ak ankouraje li prezan ak rive alè regilyèman.

- a. Sepandan, si absans ak/oswa reta egzajere a kontinye, epi si direktè a panse li ta pi bon pou elèv pou transfere l nan yon lòt lekòl, li ka kòmanse pwosesis transfè a nan yon lekòl apwopriye kote elèv la elijib pou ale dapre kote li abite kounye a. Direktè a dwe soumèt dokiman konsènan absans ak/oswa reta egzajere elèv la, ansanm avèk dokiman ki pwouve efò yo fè pou travay ak elèv la ak fanmi l pou ankouraje l vin lekòl regilyèman ba moun ki gen responsablite sa a nan *Field Support Center* a. Estaf ki gen responsablite sa a nan *Field Support Center* a pral evalye dokiman yo lè li konpare reta ak absans avan elèv la te chanje adrès la avèk reta ak absans apre elèv la chanje adrès la, ansanm avèk dokiman sou efò lekòl la fè pou ankouraje elèv la prezan lekòl. Si estaf ki gen responsablite pou kontwòl prezans lekòl nan *Field Support Center* a konfime pwoblèm prezans ak reta vin pi grav, l ap enfòmè Direktè egzekitif la oswa reprezantan pou *Borough Enrollment* an oswa reprezantan l ki pral apwouve oswa refize demann transfè a. Si Direktè a apwouve demann lan, li dwe avize paran an alekri ke y ap transfere elèv la. OSE pral transfere elèv la, epi l ap mete timoun lan nan rejis lekòl sektè *zoned school* oswa nan lekòl yo endike a oswa nan yon lòt lekòl apwopriye kote elèv la elijib pou ale.
- b. Elèv ki nan lojman tanporè ak elèv ki nan *foster care* gen dwa pa ka transfere sofsi yo panse l ap pi bon elèv la si l chanje lekòl, jan yo di l nan seksyon VIII.D (pou elèv ki nan lojman tanporè) ak seksyon VIII.E (pou elèv ki nan *foster care*).

II. RÈGLEMEN SOU ADMISYON³

A. Piyorite pou *sibling*

1. Nan objektif pou bay plas ak piyorite nan admisyon, yon *sibling* yo ka verifye se yon frè oswa yon sè (li ka yon demi frè, demi sè, bofrè, bèlsè, frè/sè adoptif (*foster*) tou) aplikan an k ap viv nan menm kay avèk li, epi li
 - a. enskri oswa ale nan klas Kindergarten rive 5^{yèm} ane lekòl la, epi li pral nan klas Kindergarten rive 5^{yèm} ane pou ane lekòl apre a; oswa
 - b. li nan yon pwogram Distri 75 ki nan menm bilding avèk lekòl kote elèv la ap aplike a.

Lekòl gen responsablite verifye si aplikan an se *sibling* yon elèv nan lekòl la avan yo ba l yon plas.
2. *Siblings* elèv ki deja enskri nan yon lekòl primè oswa ki deja nan yon lekòl primè nan moman y ap soumèt aplikasyon an gen piyorite pou admisyon nan pwogram nan lekòl primè kote yo elijib pou ale, jan yo dekri sa pi ba a, depi gen plas disponib.
3. Nan yon lekòl primè ki gen klas kindergarten–5yèm ane, kindergarten–6yèm ane, kindergarten–7yèm ane oswa kindergarten–8yèm ane, yo ka bay yon aplikan ki se *sibling* yon elèv piyorite sèlman si *sibling* lan deja fè fòmalitye pou antre nan lekòl la oswa si l deja nan lekòl la lè l ap soumèt aplikasyon an, epi si l ap rantre nan klas K-5yèm ane nan lekòl sa a nan kòmansman septanm k ap vini an.

B. Piyorite Admisyon pou Pwogram Pre-Kindergarten (“Pre-K”)

1. Elèv dwe gen laj 4 ane nan dat 31 desanm yon Pre-K.
2. Yo admèt elèv nan pwogram Pre-K NYC DOE nan lekòl sektè distri yo dapre piyorite pou admisyon sa yo, si gen plas disponib :
 - a. Elèv ki abite nan sektè lekòl *zoned* la ki gen *sibling* ki fè fòmalitye pou antre nan lekòl la oswa ki deja nan lekòl la lè y ap soumèt aplikasyon yo epi ki pral nan klas

³ Elèv ki nan *foster care* ak elèv ki nan lojman tanporè ki nan lekòl leta vil Nouyòk kounye a pral nan *zoned school* la pou pwochen nivo klas la oswa, si pa gen *zoned school*, nan yon lekòl ki apwopriye, depi l ap pi bon pou timoun lan(gade Seksyon VIII.E.), menmsi pandan timoun lan nan *foster care* la oswa nan lojman tanporè a kite Vil Nouyòk.

kindergarten-5yèm ane nan kòmansman septanm k ap vin apre a("sibling yo verifye");

- b. Elèv *Zoned* ki pa gen *sibling* yo verifye;
- c. Elèv ki abite nan distri a ki gen *sibling* yo verifye;
- d. Elèv ki pa abite nan distri a epi ki gen *sibling* yo verifye;
- e. Elèv ki abite nan distri a;
- f. Elèv ki pa abite nan distri a.

3. Yo admèt elèv nan pwogram Pre-K NYC DOE nan lekòl distri ki aksepte elèv kèlkeswa sektè yo abite dapre priyorite sa yo pou admisyon, si gen plas disponib :

- a. Elèv ki abite nan distri ki gen *sibling* ki fè fòmalitye pou antre nan lekòl la oswa ki deja nan lekòl la lè y ap soumèt aplikasyon yo epi ki pral nan klas kindergarten-5yèm ane nan kòmansman septanm k ap vin apre a("sibling yo verifye");
- b. Elèv ki pa abite nan distri a epi ki gen *sibling* yo verifye;
- c. Elèv ki abite nan distri a;
- d. Elèv ki pa abite nan distri a.

4. Pou pwogram Pre-K endividyèl, yo ka ajoute lòt estrikti priyorite pou admisyon pou yo gen plis divèsite nan popilasyon elèv yo. Priyorite sa yo dwe jwenn apwobasyon Division of Early Childhood Education, the Office of Student Enrollment, ak Office of the General Counsel. Fanmi ap resevwa avi depi pwogram yo ajoute lòt priyorite avan pwosesis aplikasyon an.

C. Admisyon nan Kindergarten⁴

1. *Lekòl sektè yo* oblije sèvi tout elèv ki abite nan zòn yo, si gen plas, kèlkeswa lè fanmi yo vin enskri yo. Yo dwe admèt aplikan nan lekòl sektè yo dapre lòd priyorite sa yo:

- a. Elèv ki abite nan sektè lekòl *zoned* la ki gen *sibling* ki fè fòmalitye pou antre nan lekòl la oswa ki deja nan lekòl la lè y ap soumèt aplikasyon yo epi ki pral nan klas kindergarten-5yèm ane nan kòmansman ane lekòl la an septanm("sibling yo verifye");
- b. Elèv *Zoned* ki pa gen *sibling* yo verifye.

Si Biwo enskripsyon elèv jije li nesèsè dapre plas ki disponib, tandans ane avan yo, bezwen nan distri a, yo ka ofri gwoup priyorite sa yo plas nan lòd nou dekri pi ba a. Se sèl OSE ki ka otorize yo bay yon elèv ki pa abite nan sektè yon lekòl plas san yo pa konsidere lòd priyorite sa a ; paegzanp, pou elèv ki pa ka jwenn plas nan lekòl sektè yo, oswa pou pwogram espesyalize, tankou pwogram an de lang.

- c. Elèv ki abite nan distri a ki gen *sibling* yo verifye;
- d. Elèv ki pa abite nan distri a epi ki gen *sibling* yo verifye;
- e. Elèv ki nan pwogram *pre-kindergarten* lekòl la kounye a ki abite nan distri a ;
- f. Elèv ki nan pwogram *pre-kindergarten* lekòl la kounye a ki pa abite nan distri a ;
- g. Elèv ki abite nan distri a;
- h. Elèv ki pa abite nan distri a.

2. Yo dwe admèt aplikan nan lekòl ki pa pou sektè kay yo nan lòd priyorite sa a:

⁴ Seksyon II.C.1 pa aplikab pou distri ki pa divize *zoned school*.

- a. Elèv ki abite nan distri ki gen *sibling* ki fè fòmalitye pou antre nan lekòl la oswa ki deja nan lekòl la lè y ap soumèt aplikasyon yo epi ki pral nan klas kindergarten-5yèm ane nan kòmansman septanm k ap vin apre a ("sibling yo verifye");
 - b. Elèv ki pa abite nan distri a epi ki gen *sibling* yo verifye;
 - c. Elèv ki nan pwogram *pre-kindergarten* lekòl la kounye a ki abite nan distri a ;
 - d. Elèv ki nan pwogram *pre-kindergarten* lekòl la kounye a ki pa abite nan distri a ;
 - e. Elèv ki abite nan distri a;
 - f. Elèv ki pa abite nan distri a.
3. Pou kèk lekòl, yo ka ajoute lòt estrikti priyorite pou admisyon pou yo gen plis divèsite nan popilasyon elèv yo. Priyorite sa yo dwe jwenn apwobasyon Office of Student Enrollment, ak Office of the General Counsel. Fanmi ap resevwa avi depi pwogram yo ajoute lòt priyorite avan pwosesis aplikasyon an.
- D. Admisyon nan zoned school primè ak presegondè⁵
1. Eljiblite
 - a. Elèv lekòl sektè yo gen dwa ale nan lekòl primè sektè zòn yo depi gen plas disponib.
 - b. Elèv lekòl primè ak lekòl presegondè ki pa gen lekòl sektè pou zòn lan gen dwa pou yo jwenn yon plas nan yon lekòl nan distri kote elèv ale pou lekòl primè oswa lekòl presegondè nòmalman selon sa ki apwopriye a dapre adrès kay yo.
 - c. Priyorite pou lekòl presegondè—Admisyon nan lekòl presegondè
 - i. Elèv ki nan klas 5yèm ane elijib pou aplike nan lekòl presegondè ki nan distri kote ki pou sektè yo abite ki gen lekòl presegondè ki pou yo a ak nan distri kote yo ale nan lekòl primè a, si li diferan. Yon elèv lekòl primè ki lekòl nan distri a men ki pa abite nan distri a, ki chwazi rete nan distri sa a pou lekòl presegondè, gen menm priyorite ak lòt aplikan ki abite nan distri ki pou adrès sa a. Si yon elèv k ap sòti nan yon nivo eskolè pou ale nan yon lòt nivo eskolè pa jwenn yon plas nan yon lekòl ki sou aplikasyon l lan, li gen priyorite pou jwenn yon plas nan distri kote li abite a.
 - ii. Elèv ki gen yon lekòl presegondè pou sektè zòn yo gen priyorite pou yo ale nan lekòl sa a si yo mete l nan aplikasyon lekòl presegondè yo. Pandan pwosesis admisyon nan lekòl presegondè a, plas ki vid (selon OSE) nan lekòl sektè zòn yo ap disponib pou elèv ki pa nan sektè zòn lan depi yo fin bay tout elèv sektè zòn lan plas nan pwosesis aplikasyon an. Elèv ki abite nan yon sektè ki pa aplike nan zoned school ki pou yo pèdi priyorite pou ale nan lekòl sa a. Y ap akomode elèv ki abite nan yon sektè ki aplike nan lekòl sektè a anvan elèv ki pa abite nan sektè ki ale ann apèl lè vin gen plas disponib.
 - iii. Elèv klas 5yèm ane ki nan yon lekòl ki gen klas kindergarten rive 8yèm ane kenbe priyorite yo pou pwosesis admisyon lekòl presegondè pou klas 6yèm ane a, si yo mete lekòl sa a nan aplikasyon lekòl presegondè yo. Pandan pwosesis admisyon nan lekòl presegondè a, plas ki vid (selon OSE) nan klas kindergarten rive 8yèm ane ap disponib pou elèv ki pat nan lekòl la ki aplike depi yo fin bay tout elèv ki te nan lekòl la deja plas nan pwosesis aplikasyon an. Elèv k ap kontinye nan lekòl kote yo ye deja a ki pa aplike pèdi priyorite pou yo ale nan lekòl sa a pou klas 6yèm ane. Elèv k

⁵ Règleman ki nan Seksyon II.D a konsène admisyon nan zoned school primè ak presegondè eksepte admisyon nan pre-kindergarten ki anba règleman ki nan Seksyon II.B pi wo a.

ap kontinye nan lekòl yo ye a ki aplike ap jwenn plas avan elèv ki pa t nan lekòl la ki te ale ann apèl lè vin gen plas disponib.

- iv. Elèv ki ale nan yon lekòl presegondè ki pa lekòl zòn sektè yo, renonse pou dwa yo pou ale nan lekòl zòn sa a pou tout dire lekòl presegondè yo. Elèv ki jwenn plas nan yon lekòl presegondè ki pa lekòl K-8 kote yo te ale nan lekòl primè a, renonse pou dwa yo pou tounen nan lekòl K-8 sa a pou tout dire lekòl presegondè yo. Elèv dwe ale nan yon Sant Byenveni pou Fanmi pou yo fè yon nouvo demand pou yo mete yo nan lekòl sektè a oswa lekòl K-8 la kote elèv la te ale pou lekòl primè a.
- E. Enskripsyon/Plas pou elèv ki pat patisipe nan pwosesis admisyon lekòl primè ak lekòl presegondè a
1. Elèv lekòl primè ki rive apre pwosesis admisyon an fini pou kindergarten:
 - a. Elèv ki gen yon lekòl pou sektè yo gen dwa enskri dirèkteman nan lekòl primè ki pou zòn sektè; y ap ofri elèv la plas si gen plas disponib nan nivo klas li a. Elèv sa yo ka ale tou nan yon Sant Byenveni pou Fanmi pou yo ka wè lòt opsyon ki disponib pou yo nan distri a.
 - b. Elèv ki pa gen yon lekòl pou sektè zòn yo a dwe ale nan yon Sant Byenveni pou Fanmi pou yo ba yo yon plas.
 2. Elèv lekòl presegondè ki pat patisipe nan pwosesis admisyon lekòl segondè a:
 - a. Elèv ki nan sistèm lekòl leta Vil Nouyòk nan moman pwosesis aplikasyon pou klas 6yèm ane a ap jwenn yon plas nan lekòl presegondè.
 - a. Nouvo elèv ki gen yon lekòl pou sektè yo gen dwa enskri dirèkteman nan lekòl presegondè ki pou zòn sektè yo a; y ap ofri elèv la plas si gen plas disponib nan nivo klas li a. Elèv sa yo ka ale tou nan yon Sant Byenveni pou Fanmi pou yo ka wè lòt opsyon ki disponib pou yo nan distri a.
 - c. Nouvo elèv ki pa gen yon lekòl sektè ki vin lekòl apre pwosesis admisyon an, sipoze ale nan yon Sant Byenveni pou Fanmi pou jwenn yon plas nan yon lekòl.
 3. Elèv ki p ap patisipe nan yon pwosesis admisyon pou antre nan yon klas epi k ap chèche antre nan yon lekòl primè oswa presegondè yon zòn ki pa divize an sektè oswa nan yon lekòl primè oswa lekòl segondè yon zòn ki pa pou sektè pa yo, ka jwenn plas/enskri dapre règ ki nan règleman sa a oswa dapre lòt règleman Biwo Enskripsyon ELèV mete.
- F. Règleman pou lekòl primè ak lekòl presegondè sektè
1. Klas kindergarten se 1ye klas nan lekòl leta Vil Nouyòk. Elèv yo dwe gen laj 5 lane nan dat 31 desanm ane lekòl la pou li ka elijib pou kòmanse kindergarten nan ane akademik sa a.
 2. *Students zoned* pou yon lekòl primè oswa presegondè gen priyorite pou jwenn plas nan lekòl sa yo dapre dispozisyon sa a yo ki dekri nan règleman sa a, epi yo dwe bay yo plas avan yo bay elèv ki pa abite nan sektè lekòl la *non-zoned students* plas.
 3. Lekòl ki pou sektè yon zòn *Zoned school* yo oblije enskri elèv ki abite nan sektè lekòl yo epi yo dwe aksepte yo dapre dispozisyon nan règleman sa a ak si gen plas disponib jan OSE deside l ak otorize l.
 4. Yo ka dmèt elèv ki pa abite nan sektè yon lekòl sèlman dapre dispozisyon ki dekri nan règleman sa a ak dapre jan OSE deside l.
- G. Règleman sou redefinisyon fwontyè

1. Depann lè yo apwouve plan pou chanje limit fwontyè yo, lekòl sektè zòn yon elèv kapab chanje pandan peryòd aplikasyon an. Nan ka sa yo, zòn sektè elèv la ta dwe ye a ap lekòl sektè ki te anvigè lè l te enskri a.
 2. Timoun yo verifye ki gen frè/sè *sibling* nan yon lekòl sektè ke yon plan pou chanje limit sektè CEC adopte afekte pral kenbe priyorite pou *sibling* pou lekòl sektè sa a si yo bay priyorite sa a nan plan limit sektè yo fèk apwouve a.
- H. Règleman sou kantite elèv yo pa ka depase nan yon klas⁶
1. Yon lekòl sektè gen responsablite sèvi tout timoun ki abite nan sektè l la, depi li gen plas, dapre dispozisyon ki nan règleman sa a.
 2. Lekòl sektè pa ka fèmen enskripsyon pou yon klas ni limite kantite elèv nan yon klas pou kenbe oswa pou diminye efektif nan okenn klas. Se sèl OSE, *Office of District Planning* oswa Field Support Center ki ka fikse kantite elèv pou klas pou ka anpeche yo enskri lòt elèv pou klas sa a.
 3. Nan sitiyasyon kote lekòl sektè a oblije voye elèv nan yon lòt lekòl poutèt li gen twòp elèv, se dwa chak elèv pou li jwenn yon lòt plas nan distri kote li abite a.
 - a. Elèv ki nan sitiyasyon sa a ap jwenn priyorite pou yo enskri nan yon lòt lekòl avan nenpòt lòt aplikan lekòl sa a pa lekòl zòn li.
 - b. Tout elèv yo voye nan yon lòt lekòl poutèt pa gen plas ankò nan nivo klas li a nan lekòl sektè a dwe swa aksepte plas yo ofri l la swa chèche yon lòt altènatif.
 4. Elèv ke yo voye nan yon lòt lekòl ki pa pou sektè zòn li an dapre yon plan yo apwouve pou limite efektif la ka rete sou lis datant lekòl sektè a jiskaske OSE bay yon delè. Pwosedi pi ba yo ap aplike pou elèv sa yo:
 - a. Si akòz plas ki pa genyen nan lòt lekòl la, yo revoye yon elèv nan yon lekòl ki pa ka pran elèv pou klas la akòz yon plan ki fikse kantite plas yo, elèv sa yo ap gen priyorite nan nenpòt plas ki disponib nan pwochen nivo klas la nan lekòl sa a, epi y ap ba yo plas apati yon lis atant.

Elèv yo revoye nan lekòl la ka refize retounen nan lekòl sektè yo epi rete nan lekòl ki deja gen twòp elèv la.
 - c. Elèv ki refize òf pou yo tounen nan lekòl sektè zòn yo a ap renonse plas yo sou lis atant nan lekòl zòn yo. Si apre elèv sa a mande yon transfè nan lekòl sektè zòn li an, y ap akòde l transfè sèlman si tout elèv yo revoye nan lekòl la deja fin jwenn plas.
 - d. Elèv ki rejte òf pou tounen nan lekòl sektè yo a epi ki te elijib pou mwayen transpò nan lekòl ki pa ka pran elèv ankò, pa p gen dwa sa a ankò sòfsi vin gen obligasyon pou genyen mwayen transpò a oswa elèv la vin elijib dapre prensip Biwo pou Transpò Elèv etabli.
 - e. Depi elèv sa yo fin fè dènye klas la nan yon lekòl primè, y ap gen opsyon pou enskri nan lekòl presegondè dapre lekòl primè yo te ye a oswa dapre kote yo abite a.
 4. Y ap apwouve demann paran fè pou transfè yon elèv nan yon *zoned school* primè si gen plas disponib.
 5. Se premye obligasyon yon *zoned school* pou sèvi elèv ki abite nan sektè l. Si yon lekòl sektè pa kapab resevwa tout elèv ki nan sektè l, epi yo apwouve li pou yon plan ki fikse kantite elèv li, yo ka diminye oswa elimine pwogram ki pa obligatwa nan lekòl la.
- I. Règleman pou antre nan yon lekòl⁷

⁶ Règle sou kantite elèv yo pa ka depase nan yon klas aplike pou klas Kindergarten rive 8yèm ane.

1. gen pwen antre nan lekòl leta Vil Nouyòk pwosesis admisyon nan lekòl primè, presegondè ak segondè fasilite. Gen yon pwen antre pou chak nivo klas. Paegzanp, nan yon lekòl ki gen klas K-5yèm ane, pwen antre a se ta kindergarten. Lè yon elèv pase nan yon lòt nivo klas, yo rele sa "atikalasyon."
2. Enskripsyon nan lekòl ki gen klas K-8yèm ane ak 6yèm-12yèm ane
Yon lekòl ki gen klas K-8yèm ane oswa 6yèm-12yèm ane dwe ka admèt elèv nan plizyè klas. Kidonk, lè yo admèt yon elèv nan yon lekòl ki gen klas K-8yèm ane oswa 6yèm-12yèm ane, elèv sa a gen dwa ak priyorite pou admisyon nan pi gwo klas yo. Elèv sa yo ka, anmenm tan, aplike nan yon lòt lekòl oswa nan pwogram kote yo elijib. Elèv ki rete nan zòn yon lekòl primè sektè gen priyorite pou yoale nan lekòl kindergarten rive 8yèm ane pou klas 6yèm ane si yo poko gen yon plas deja.
3. Chanjman nivo klas pou ale nan lekòl presegondè
Elèv ki te kite sistèm lekòl leta Vil nouyòk la epi ki jwenn yon plas nan yon lekòl atravè pwosesis admisyon nan lekòl presegondè a gen dwa pou ale nan lekòl kote yo jwenn plas la nenpòt lè nan ane akademik yo te jwenn plas la, depi yo pat fini ane akademik la nan yon lòt lekòl.
4. Chanjman nivo klas pou ale nan lekòl segondè⁸
 - a. Yo bay elèv ki soti nan klas 8yèm ane pou ale nan lekòl segondè swa priyorite pou admisyon swa garanti pou yon plas nan lekòl segondè ki nan sektè yo abite a, jan yo endike l nan anyè lekòl segondè pou ane aplikasyon an, si yo aplike nan lekòl sa a nan pwosesis admisyon lekòl segondè a.
 - b. Elèv ki te kite sistèm lekòl leta Vil nouyòk la epi ki jwenn yon plas nan yon lekòl atravè pwosesis admisyon nan lekòl segondè a gen dwa pou ale nan lekòl kote yo jwenn plas la nenpòt lè nan ane akademik yo te jwenn plas la, depi yo pat fini ane akademik la nan yon lòt lekòl.
5. Elèv k ap retounen nan sistèm lekòl leta Vil Nouyòk la apre yo fini ane akademik la nan yon lòt sistèm lekòl dwe ale nan yon Sant Byenveni pou Fanmi kote y ap voye yo nan yon nouvo lekòl pou yo pran yo pou ane lekòl apre a. Elèv sa yo pa gen garanti y ap gen dwa pou yo tounen nan lekòl kote yo te voye yo avan yo te kite sistèm lekòl leta Vil Nouyòk la, menm si yo ka toujou konsidere lekòl yo te voye yo avan an. Biwo enskripsyon elèv ap gen mo final la pou deside kote y ap voye elèv la.

III. READMISYON

A. Readmisyon nan lekòl aprè elèv la te fin kite lekòl leta Vil Nouyòk

An jeneral, elèv k ap retounen nan lekòl leta Vil Nouyòk nan menm ane yo te kite sistèm lan gen dwa retounen nan lekòl kote yo te ye avan an nan konfòmite avèk prensip sa yo: Pou nenpòt kesyon konsènan dwa pou yon elèv tounen nan yon lekòl, se OSE k ap pran desizyon final la.

1. Elèv lekòl primè ak lekòl presegondè
 - a. Yon elèv gen dwa pou tounen nan lekòl kote li te ye avan an si li toujou elijib dapre kondisyon priyorite pou admisyon li te gen avan an, epi depi gen plas disponib.
 - b. Si elèv la retounen nan lekòl ki pou sektè kay li a, epi pa gen plas ankò pou nivo klas li a, y ap voye elèv nan yon lòt lekòl dapre Seksyon II.H.

⁷ Elèv ki nan *foster care* ak elèv ki nan lojman tanporè ka kontinye ale lekòl nan lekòl prensipal yo nan Vil Nouyòk si elèv la te abite nan Vil Nouyòk ak si li te nan yon lekòl DOE nan moman li te nan *foster care* la oswa nan moman li t ap kite Vil Nouyòk la.

⁸ Règleman sa a aplike pou tout lekòl segondè, ladan lekòl segondè espesyalize yo, lekòl transfè yo ak lekòl pou elèv ki fèk vini Etazini ak ELL.

2. Elèv ki te nan pwogram pou elèv douwe G&T avan
 - a. Pwogram distri
 - i. Elèv ki retounen nan menm distri kote yo te rete a kapab tounen nan menm pwogram G&T a depi gen plas disponib.
 - ii. Si pa gen plas disponib nan pwogram G&T kote elèv la te ye avan an, yo ka konsidere elèv la pou yon lòt pwogram G&T ki nan menm distri a, depi gen plas disponib.
 - iii. Yo ka konsidere elèv ki vin abite nan yon lòt distri pou yon pwogram GT distri nan nouvo distri kote elèv la vin rete a, depi gen plas disponib.
 - b. Pwogram onivo Vil la
 - i. Elèv ki retounen abite nan Vil Nouyòk kapab tounen nan menm pwogram G&T Vil la depi gen plas disponib.
 - ii. Si pa gen plas disponib nan pwogram G&T kote elèv la te ye avan an, yo ka konsidere elèv la pou yon lòt pwogram G&T.
3. Elèv lekòl segondè
 - a. Yon elèv ki te kite sistèm lekòl leta Vil Nouyòk la gen dwa tounen nan lekòl li te ye avan (ladan lekòl segondè espesyalize yo, lekòl transfè yo ak lekòl pou elèv ki fèk antre nan peyi a ak elèv ELL) jis nan fen ane kalandriye a depi dat yo te kite sistèm lan, depi elèv la pa t fini ane akademik la nan yon lòt lekòl.⁹
 - b. Elèv k ap retounen nan sistèm lekòl leta Vil Nouyòk la apre yo fini ane akademik la nan yon lòt sistèm lekòl dwe ale nan yon Sant Byenveni pou Fanmi kote y ap voye yo nan yon lekòl pou yo pran yo pou ane lekòl apre a. Elèv sa yo pa gen garanti y ap gen dwa pou yo tounen nan lekòl kote yo te ye avan yo te kite sistèm lekòl leta Vil Nouyòk la, menm si yo ka toujou konsidere lekòl yo te voye yo avan an. Se Biwo enskripsyon elèv k ap gen mo final la.
4. Elèv k ap retounen ki soti yon kote sou lòd tribinal, yon kote sou siveyans oswa nan yon pwogram pou tretman;
 - a. Elèv ki te nan yon lekòl Vil Nouyòk ki pa espesyalize nan moman li t ap kite yon kote sou lòd tribinal, yon kote sou siveyans oswa nan yon pwogram pou tretman gen dwa pou retounen lekòl kote yo te ye a si yo retounen yon ane apati dat yo te kite a.
 - b. Gen kèk nan elèv sa yo ki ka benefisye si yo ale nan yon lòt lekòl lè yo retounen nan lekòl leta Vil Nouyòk. Office of Student Enrollment ka kontakte responsab nan Field Support Center oswa Distri 79, kèlkeswa sa ki apwopriye a, pou deside si pou yo enskri elèv la oswa si pou yo voye l nan yon lòt lekòl ki gen plas.

IV. TRANSFÈ

Yon oblije estaf lekòl rankontre ak fanmi yo pou evalye demann transfè epi pou bay tout dokiman ki pou sipòte desizyon an lè yo apwouve yon transfè.

- A. Biwo Enskripsyon Elèv dwe apwouve tout demann pou transfè ak tout demann pou fè Eksepsyon¹⁰ avèk eksepsyon:

⁹ Yon elèv ki te mete deyò lekòl ki pa te gen yon diplòm ka tounen lekòl jiska fen ane lekòl li vin gen 21 ane.

¹⁰ Demand pou fè eksepsyon *Placement Exception Requests* (PER) se demann yo fè pou admisyon nan Otòn nan yon lekòl ki pa lekòl sektè elèv la oswa yon lekòl yo voye elèv la akoz yon pwoblèm.

1. Transfè yon elèv mande¹¹ ak transfè envolonètè yon elèv apre sispansyon envolonètè Sipèentandan an, ke Borough *Director of Suspensions* a jere dapre Règleman Chanselye a CR A-450 pou youn ak A-443 pou lòt la;
 2. Transfè elèv lekòl primè k ap chèche ale nan *Zoned schools* yo(lè gen plas), kote direktè lekòl kote li prale a dwe pran l nan lekòl la.
 3. Transfè ke Divizyon ELL ak sipò elèv, Asistan direktè Field Support Center ELL, ak Sipèentandan yo otorize nan yon lekòl ki gen yon pwogram an De lang oswa yon pwogram edikasyon bileng pou tranzisyon;
 4. Transfè elèv akòz bezwen pou yon nouvo pwogram espesyalize, tankou pwogram edikasyon espesyal bileng, pwogram espesyalize pou elèv ki gen Otis *Autism Spectrum Disorder* (ASD), oswa yon pwogram pou elèv ki gen yon andikap pou aprann.
 5. Transfè ke Biwo Edikasyon espesyal otorize poutèt yo pwouve ke lekòl timoun lan ye a pa kapab ofri pwogram Edikasyon espesyal apwopriye a (pwogram entegre ki gen pwofesè k ap travay ansanm nan klas la *Integrated Co-Teaching* ak klas espesyal) jan yo rekòmande l nan IEP li;
 6. Transfè elèv obligatwa poutèt Lòd yon Odyans sanpatipri *Impartial Hearing Order* ; ak
 7. Transfè nan Distri 75 ak Distri 79.
- B. Yo ka apwouve lòt transfè pou konsidere yon problèm patikilye jan yo dekri l pi ba a depi yo prezante tout dokiman yo egzije yo nan sant Byenveni pou fanmi an. Nan tout ka, OSE ap swa refize demann transfè a swa apwouve l, epi l ap deside nan ki lekòl l ap transfere elèv la.
1. Transfè elèv *Gifted & Talented* distri akòz chanjman nan distri kote elèv abite(students in grades K-5 only): Yon paran ki gen timoun nan yon pwogram Gifted & Talented distri ka mande yon transfè pou li si li ale nan yon lòt distri, pou yon pwogram Gifted & Talented distri ki nan nouvo distri li abite a.
 2. Transfè pou pwoblèm gadri (elèv ki nan klas kindergarten-5yèm ane sèlman): Yon paran ka mande yon transfè pou pitit li poutèt yon pwoblèm distans ant lekòl la ak travay li ak/oswa distans gadri ak lekòl la. Paran an dwe bay dokiman patwon li bay li ak/oswa sant gadri a pou konfime pwoblèm gadri a.
 3. Transfè *siblings* (elèv ki nan klas kindergarten-5yèm ane sèlman): Yon paran ka mande yon transfè poutèt sibling pou pitit li a/yo poutèt yonn oswa plizyè *sibling* ale nan yon lòt lekòl.
 4. Transfè pou rezon medikal/ Akomodasyon rezonab: Yon paran ka mande pou transfere pitit li pou ka reponn nesosite pou akomode elèv la yon fason rezonab pou andikap li, sa ki ka genyen pa egzansp, yon kondisyon medikal oswa yon andikap ki anpeche elèv la gen aksè nan lekòl la. Yon paran kapab mande tou yon transfè pou yon timoun lè paran an gen yon andikap ki anpeche paran an gen aksè nan lekòl la. Paran an dwe bay dokiman ki gen siyati yon pwofesyonèl swen sante oswa reyabilitasyon sou yon papye ki gen antèt klinik lan kote li presize pwoblèm medikal ki fè li mande akomodasyon an, ak rezon ki fè li rekòmande transfè a. Biwo enskripsyon elèv kapab antre an kominikasyon avèk Biwo sante lekòl/Depatman sante ak ijyèn mantal pou yon pran desizyon sou transfè a. Avèk konsantman paran an, manm estaf apwopriye a kapab kontakte ajan sante a pou jwenn plis enfòmasyon.
 5. Transfè pou rezon sekirite: Yo dekri pwosedi pou apwouve transfè pou rezon sekirite nan CR A-449. Yo ka apwouve transfè pou rezon sekirite nan sikonstans sa yo : (a) lè elèv yo se viktim yon zak kriminel vyolan nan lekòl la dapre lwa Tout timoun ka reyisi *Every Student Succeeds Act* (ESSA) oswa (b) nan sitiyaasyon (tankou plent pou

¹¹ Dapre Règleman Chanselye A-450, yo pa ka transfere elèv ki gen IEP san se pa yo ki mande sa.

arasman, entimidasyon ak *bullying*) kote yo jije prezans kontinyèl yon elèv nan lekòl la reprezante yon danje pou elèv la. Se *Borough Director of Suspensions* an k ap fè aranjman pou demand transfè ESSA a.

Apwopo transfè pou rezon sekirite ki pa adapte ak Lwa ESSA a, se Direktè egzekitif pou Enskripsyon pou Borough a k ap deside si se pou yo apwouve l, nan espas yon semèn apre l fin resevwa dokiman li mande direktè lekòl la/reprezantan lan. Men pwosedi yo :

- a. Ou ka fè demand pou transfè akòz rezon sekirite a nan de fason:
 - i. Lekòl kapab mande yon transfè pou rezon sekirite lè li soumèt dokiman apwopriye nan Sant Byenveni Fanmi an.
 - ii. Fanmi yo ka mande yon transfè pou rezon sekirite si yo ale nan Sant Byenveni pou Fanmi an epi bay dokiman, tankou rapò polis, yon deklarasyon ekri elèv la oswa paran an ekri oswa lòt dokiman ki pou kore demand transfè a.
 - b. Pou yo konsidere yon transfè pou rezon sekirite, yon lekòl dwe fakte dokiman sa yon nan Sant Byenveni pou Fanmi an:
 - Rapò sou ensidan ki rive nan lekòl la *School Occurrence Report (SOR)* oswa lòt dokiman lekòl la;
 - Rapò polis, nimewo dosye, oswa dokiman tribinal, si se ka a epi si fanmi an potko bay yo;
 - Rezime Fòm investigasyon transfè pou rezon sekirite a; ak
 - Fòm ki gen enfòmasyon sou transfè pou rezon sekirite Safety Transfer Intake Form
 - c. Si dokiman yo pa byen dekri pwoblèm sekirite a oswa si yo bezwen plis enfòmasyon, Sansè a, Asistan direktè pou sekirite a, oswa direktè lekòl la dwe bay OSE plis enfòmasyon;
 - d. Selon tip materyèl transfè pou rezon sekirite a, Direktè egzekitif pou enskripsyon Borough a oswa reprezantan li kapab kominike avèk Direktè Field Support Center pou sèvis elèv ak direktè sekirite Borough a ki sèvi kòm reprezantan CEO pou Biwo lekòl ak devlopman jèn *Office of School and Youth Development (OSYD)*.
 - e. Si yo detèmine transfè elèv la ap rezoud pwoblèm sekirite a (kèlkeswa kote ensidan an te rive a), OSE ap apwouve transfè a pou rezon sekirite, epi y ap chèche yon lòt lekòl pou elèv la. Kèlkeswa ka a, pwosesis la ak rezilta a pa ta sipoze pran plis pase 5 jou ouvab.
6. Transfè pou rezon Espò (elèv lekòl segondè sèlman)
- a. Anjeneral, pa gen transfè pou rezon espò.
 - b. Yon elèv atlèt ki sou lis ofisyèl Lig atletik lekòl leta *Public School Athletic League (PSAL)* pou yon espò an patikilye ki nan yon lekòl y ap fèmen ofiyamezi epi yo elimine espò sa a nan bilding lekòl la, kapab aplike pou yon transfè nan yon lòt lekòl. Yon elèv atlèt ki sou lis ofisyèl PSAL onivo yon espò anpatikilye ki nan yon lekòl kote ekip la pa egziste ankò ka aplike tou pou yon transfè nan yon lòt lekòl. Nan ka sa yo, OSE ap chèche yon lekòl ki gen plas disponib ki gen yon ekip PSAL pou espò sa a epi l ap fè yon plasman apwopriye pou satisfè bezwen akademik ak atletik elèv atlèt la;
 - c. Yon elèv atlèt ki sou lis ofisyèl PSAL nan yon espò patikilye ki aplike pou yon transfè dapre pwogram Chwa lekòl leta *Public School Choice* sèlman pou transfere nan yon lekòl ki sou aplikasyon *Public School Choice* li a.

- d. Nan ka yo dekri nan seksyon (b) ak (c) pi wo a, yo pa garanti yon elèv atlèt yon plas nan ekip ofisyèl PSAL pou espò li jwe a nan nouvo lekòl la. Li dwe eseye pou ekip la;
 - e. Se PSAL Student *Athlete Rules and Regulations* ki jere tout règleman sou atletik nan lekòl segondè (li disponib nan www.psal.org).
7. Transfè pou pwoblèm trajè (elèv lekòl segondè sèlman)
- a. Yon moun nan fanmi elèv la dwe prezante dokiman pou pwouve adrès li pou mande yon transfè pou pwoblèm trajè;
 - b. Pou yo konsidere yon transfè pou pwoblèm trajè, trajè ant lakay ak lekòl la dwe 75 minit oswa plis oswa si pa gen transpò piblik (sa vle di si elèv la gen pou chanje otobis oswa tren plis pase twa fwa).
8. Transfè nan lekòl segondè *Zoned* (elèv nan lekòl segondè sèlman)
- a. An jeneral, elèv ki nan klas 9yèm ane pou premye fwa dwe fini premye ane lekòl segondè yo nan lekòl kote yo te jwenn plas la atravè pwosesis admisyon pou lekòl segondè a.
 - b. Y ap konsidere elèv ki mande pou yo transfere yo nan lekòl sektè yo (kote sa aplikab) dapre plas ki disponib epi yo ka voye yo pou kòmansman lòt tèm lan.
 - c. Elèv ki gen yon difikilte ki dokimante jan yo di l pi wo a nan seksyon B.2–B.5 and B.7 ap gen priyorite sou elèv ki pa bay prèv difikilte.
9. Transfè pou mank rannman
- a. Yon paran oswa yon elèv ka mande yon transfè si yon elèv p ap fè pwogrè sou plan akademik oswa sosyal epi yon lòt lekòl ta ka rezoud pwoblèm sa yo.
 - b. Biwo enskripsyon elèv ap travay avèk Sipèntandan an osijè desizyon sou transfè sa a lè sa apwopriye. Biwo enskripsyon elèv ak/oswa Sipèntandan an ka kontakte direktè lekòl la pou jwenn prèv oswa dokiman osijè transfè a.
 - i. Sipèntandan an dwe apwouve nenpòt desizyon ki baze sou rannman akademik oswa pwoblèm absans kwonik.
 - c. Yo itilize pwosesis transfè sa a sèlman lè se **paran ki inisye** yon demand transfè volontè. Si yon **direktè lekòl** ap chèche pou inisye transfè yon elèv paske li pa ajiste li nan lekòl la, yo sipoze aplike pwosedi ki nan Règleman Chanselye A-450 osijè transfè envolontè lekòl la inisye, epi direktè lekòl la dwe suiv pwosesis ki ladan yo.
- C. Eksepsyon pou demand plas nan lekòl *Placement Exception Request* (lekòl primè ak presegondè sèlman)
- 1. Avan kòmansman ane lekòl la, elèv la ka mande yon “*Placement Exception Request* (PER)” pou admisyon nan otòn nan yon lekòl ki pa *zoned school* li oswa ki pa lekòl yo deziyen pou l ale.
 - 2. Yo konsidere eksepsyon nan plasman sitou pou rezoud yon pwoblèm epi yo dwe prezante dokiman apwopriye pou sipòte l. Y ap fè eksepsyon nan plasman pou yon lekòl anpatikilye sèsi yon lekòl pa gen efektivite li te pwochte genyen an epi si gen plas disponib.

V. RÈGLEMEN SOU ENSKRIPSYON POU ELÈV KI GEN ANDIKAP KI RESEVWA SÈVIS EDIKASYON ESPESYAL

- A. Tout règleman konsènan enskripsyon pou elèv Edikasyon jeneral aplikab tou pou elèv ki gen andikap, paegzanp règleman konsènan patisipasyon elèv nan pwosesis admisyon. Konsènan transfè ak plasman elèv ki gen andikap, men règleman ou dwe sonje :

1. Lè gen yon chanjman pwogram nan IEP elèv ki gen andikap, yo atann pou yo rete epi yo gen dwa pou rete nan lekòl yo ye a sòfsi chanjman yo egzije pou yo bay yo yon plas nan Distri 75 oswa yon lekòl prive.
2. Pwogram espesyalize
 - a. Si yo modifye IEP yon timoun pou rekòmande yon pwogram espesyalize, tankou yon pwogram bileng Edikasyon espesyal ak pwogram pou elèv ki gen Seri twoub Otis *Autism Spectrum Disorder* (ASD), elèv la gen dwa rete nan lekòl li ye a jiskaske NYC DOE idantifye epi otorize yon nouvo plas nan pwogram sa a. Lè sa a, y ap transfere elèv la. time,
 - b. Si nenpòt lè, jiska dènye klas yon elèv lekòl, IEP elèv la pa gen ladan l nesosite pou yon pwogram espesyalize, elèv la sipoze epi gen dwa rete lekòl la jis nan dènye klas la. Elèv nan klas primè ak klas presegondè toujou gen dwa transfere nan lekòl sektè pou zòn kay yo, lè gen plas.
- B. Lè yon elèv yo te deja idantifye kòm yon elèv ki gen yon andikap ap chèche retounen nan lekòl Vil Nouyòk pandan li pa gen yon IEP, se Sant Byenveni Fanmi an, lè sa aplikab, k ap ba li yon plas lekòl, dapre dènye IEP Vil Nouyòk li a. Lè sa apwopriye, yo dwe fè yon reyinyon IEP nan lekòl elèv la nan espas 30 jou epi y ap mete anplas yon nouvo IEP.
- C. Si yon elèv prezante dokiman yo bay li nan yon lòt vil ki pa Nouyòk kote yo endike li bezwen sèvis Edikasyon espesyal, yo dwe voye l nan biwo CSE a oswa nan Sant Byenveni pou Fanmi apwopriye a kote y ap wè ki sèvis sanblab pou yo ba li, epi y a voye l nan yon lekòl apwopriye.

VI. VERIFIKASYON ADRÈS

- A. Yo verifye adrès yon elèv fason sa yo:¹²
 1. Yo detèmine adrès dapre prezans yon moun kòm yon moun ki abite e ki gen entansyon rete nan limit jewografik yo endike pou yon distri lekòl.
 2. Adrès yon elèv pou rezon lekòl depann de swen, moun ki gen responsablite ak kontwòl elèv la.
- B. Pwosedi sa yo dekri jan yon moun ki pa paran byolojik oswa paran adoptif oswa responsab legal yon elèv ka enskri l :
 1. Yon moun ki jwe wòl paran dwe akonpaye elèv la lè l ap enskri nan yon lekòl; eksepte nan ka minè endepandan, elèv ki gen laj 18 lane pou pi piti ak jèn ki responsab tèt yo (gade seksyon VIII.D ak CR A-780). Yon moun ki jwe wòl paran ka papa oswa manman elèv la, dapre nesans oswa adopsyon, bòpè oswa bèlmè, responsab legal. Yo konsidere yon moun kòm responsab yon lòt moun si li gen obligasyon ak responsablite pou pran swen moun sa a. Yo pa egzije prèv ni onivo responsablite legal ni lòd tribinal pou enskri yon elèv.
 2. Si moun k ap enskri yon elèv se pa paran byolojik oswa paran adoptif li oswa responsab legal li, moun lan dwe bay lekòl la oswa Sant Byenveni pou Fanmi an yon deklarasyon notarye ki gen non, adrès kay, nimewo telefòn, non paran byolojik oswa adoptif la oswa non responsab legal la, sikonstans ki fè elèv la vin rete lakay li, ak kantite tan l ap rete avèk li (gade dokiman siplemantè No.1 oswa 2). Minè endepandan, elèv ki gen laj 18 lane pou pi piti ak jèn ki responsab tèt yo pa oblije bay deklarasyon notarye oswa sou sèman (gade seksyon VIII.D).
 3. Si gen kesyon konsènan relasyon moun k ap chèche enskri elèv la avèk li, yo dwe enskri elèv la ann atandan lekòl la fè yon lòt investigasyon pou konnen kiyès ki gen responsablite elèv la.

¹² Elèv ki nan *foster care* ak elèv ki nan lojman tanporè ka kontinye ale lekòl nan Vil Nouyòk si elèv la te abite nan Vil Nouyòk ak si li te nan yon lekòl DOE nan moman li te nan *foster care* la oswa nan moman li t ap kite Vil Nouyòk la.

- C. Yo dwe konsidere faktè sa yo lè y ap detèmine si yon elèv abite avèk yon moun ki pa paran byolojik oswa paran adoptif li oswa responsab legal li:
1. Èske elèv la gen entansyon rete nan adrès la ?
 2. Èske paran byolojik oswa paran adoptif oswa responsab legal la bay lòt moun kote elèv la abite a responsablite ak/oswa kontwòl elèv la?
 3. Èske paran byolojik oswa paran adoptif oswa responsab legal la kontinye sipòte elèv?
 4. Èske adilt kote elèv la ap viv la pran swen elèv la ak sipèvizè l ?
 5. Èske gen ase prèv ki montre paran an bay moun kote elèv la ap viv la responsablite ak kontwòl elèv la? Lekòl la ka egzijè yon deklarasyon sou sèman oswa yon deklarasyon notarye nan men paran byolojik oswa paran adoptif oswa responsab legal la (gade dokiman siplemantè No. 2).
 6. Poukisa elèv la ap viv nan kay lòt moun ? Si sèl rezon ki fè elèv la ap viv ak lòt moun lan se pou pèmèt elèv la ale nan yon lekòl espesifik oswa pou garanti yon transfè pou l kite lekòl li ye a pou l ale nan yon lòt lekòl li pa elijib pou l ale, nan ka sa a elèv la pa abite la.

VII. FASON POU VERIFYE ADRÈS

- A. Yo dwe bay prèv adrès lè y ap enskri yon elèv lekòl.¹³ Yon bòdwo telefòn, fakti kat kredi ni kat asirans sante pa akseptab kòm prèv adrès. Ou dwe pwouve kote w abite avèk nenpòt nan de dokiman sa yo, epi fòk chak genyen adrès kay la sou li.
1. Yo ka verifye adrès kote ou rete avèk nenpòt de nan dokiman sa yo:
 - a. Yon kontra lwaye, papyè kay, oswa papyè *mortgage* kay ou abite a;
 - b. Yon bòdwo sèvis piblik pou kay (gaz oswa elektrisite) ke yon konpayi (tankou National Grid, Con Edison) voye; dat ki sou bòdwo a pa dwe plis pase 60 jou avan dat w ap remèt li a.
 - c. yon bòdwo sèvis kab televizyon pou kay kote ou rete a; li dwe gen non paran an ak adrès kay la sou li epi dat ki sou li a pa dwe plis pase 60 jou avan dat w ap soumèt li a
 - d. Dokiman oswa lèt ak antèt ki soti nan yon biwo lokal, yon biwo leta, oswa yon biwo federal, ladan the Internal Revenue Service (IRS), City Housing Authority, Federal Office of Refugee Resettlement, Human Resources Administration (HRA), Administration for Children's Services (ACS), oswa yon ajans k ap travay pou ACS ki gen non ak adrès moun nan ladan; dat ki sou yo a pa dwe plis pase 60 jou;
 - e. yon bòdwo taks ki resan pou kay ou abite a;
 - f. yon bòdwo dlo pou kay la; li dwe gen dat ki pa depase 90 jou avan dat ou soumèt yo
 - g. resi lwaye ki gen adrès kay la, li dwe gen dat ki pa plis pase 60 jou avan dat w ap soumèt li a.
 - h. kat idantite ke Vil la, Eta a, oswa lòt gouvènman ba w (paegzanp kat IDNYC), ki poko ekspire epi ki gen adrès kote w rete a sou li;
 - i. fòm *Income Tax* pou ane ki sot pase a;
 - j. lisans oswa Pèmi kondui ofisyèl ki poko ekspire;

¹³ Pou elèv ki nan lojman tanporè, investigasyon sa a ak dokiman obligatwa pou prèv adrès la konfòm ak lwa McKinney-Vento.

- k. Yon dokiman ofisyèl pewòl moun oswa konpayi ki anplwaye w la ki gen dat ki pa plis pase 60 jou avan dat w ap soumèt li a paegzanp yon souch chèk ki gen adrès kay ou, yon fòm ou soumèt pou taks y ap pran sou ou oswa yon resi pewòl (yon lèt travay ou sou papye antèt konpayi a pa sifi) ; li dwe gen adrès kay ou rete a sou li epi dat ki sou li a pa dwe plis pase 60 jou avan dat w ap remèt li a
- l. dokiman ki montre ou enskri w pou vote, ki genyen non paran an ak adrès kay kote li rete a
- m. dokiman afilyasyon nan yon asosyasyon dapre kote ou rete a ki pa ekspire (egzanp, asosyasyon moun nan katye), ki gen non paran an ak adrès kay li abite a sou li.
- n. prèw ke se ou ki responsab legal timoun lan, se kapab papye tribinal la ki ba w responsablite timoun lan oswa ki rekonèt ou kòm responsab legal timoun lan; dokiman yo dwe gen dat 60 dènye jou ki sot pase yo parapò ak jou w ap prezante yo epi yo dwe gen non elèv la ak adrès ou abite.

Okenn nan dokiman ki nan lis pi wo a pa sifi poukont li. Ou oblije genyen de prèw pou adrès ou, eksepte nan lè gen yon deklarasyon notarye yon twazyèm pati (gade dokiman siplemantè 8) se youn nan dokiman yo, ou oblije genyen twa prèw adrès (jan yo ekplike sa nan paragraf 2 pi ba a). Yon bòdwo telefòn, bòdwo kat kredi, ni kat asirans sante pa akseptab kòm prèw adrès.

- 2. Si yon paran soulwe yon apatman oswa yon kay, oswa si gen plis pase yon fanmi k ap viv yon kote epi se non yon sèl fanmi ki gen non l kòm lokatè oswa mèt kay la, yo ka demontre prèw adrès la avèk yon deklarasyon "Address Affidavit" notarye ke ni moun ki gen non l kòm lokatè oswa mèt kay la ak ni paran an siyen pou konfime ke fanmi an abite nan kay sa a, ansanm avèk de lòt dokiman pou verifye adrès kay fanmi an. Li pi bon pou yo notarye siyati ki nan yon Deklarasyon prèw adrès kay elèv la, men lè pa gen siyati yon notè, yo ka aksepte deklarasyon an ansanm avèk lòt dokiman ki pwouve non premye moun ki lwe kay la ak apatman oswa kay paran an abite. Si paran an pa ka jwenn tip Deklarasyon notarye sa a, li kapab soumèt yon deklarasyon alekri yon lòt moun ekri ki apwouve paran an rete nan yon adrès patikilye ("Deklarasyon twazyèm pati", gade dokiman siplemantè 8), ansanm avèk de lòt dokiman ki nan lis Seksyon VII.A.1, pi wo a, ki verifye ke fanmi an abite nan adrès sa a.
- 3. Si yon paran gen plis pase yon adrès nan Vil Nouyòk, lè sa a adrès y ap itilize pou rezon enskripsyon nan lekòl la se adrès kote timoun lan ap viv.
- 4. Si gen yon kesyon konsènan validite prèw sou adrès kay la oswa si paran an pa ka bay dokiman apwopriye, OSE oswa lekòl la, depann sitiyasyon an, ap admèt elèv la tanporèman. Y ap bay paran an yon Avi ki gen pou wè ak Admisyon elèv la pwovizwaman *Provisional Admission Notice* kote yon endike yo admèt elèv la nan lekòl la pwovizwaman annatandan yo gen rezilta sou investigasyon adrès la (gade dokiman siplemantè No. 4). Lekòl kote elèv la enskri a responsab pou kòmanse yon investigasyon pou verifye adrès elèv la dapre pwosedi pi ba a konsènan "Fo dokiman ak investigasyon sou adrès *Falsification and Investigation of Residency*". Yo pa ka refize pran elèv la nan yon lekòl epi li gen dwa ale nan klas pandan y ap fè investigasyon an.
- 5. Elèv ki nan lojman tanporè ak elèv ki nan *foster care*: Mèt kay la/lokatè prensipal la pa bezwen bay yon deklarasyon sou sèman pou prèw adrès.

B. Fo adrès ak investigasyon sou fo adrès

Si gen yon kesyon sou adrès yon elèv oswa si yo sispèk yo te bay fo adrès pou enskri elèv la, lekòl la dwe kòmanse yon investigasyon pou verifye adrès nan 30 jou apre yo fin dekouvri pwoblèm lan.

1. Si yo detèmine elèv la abite nan yon adrès ki fè l pa elijib pou ale nan lekòl li ye a, direktè a dwe bay manm estaf ki anchaj dosye sa yo nan *Field Support Center* a rezilta investigasyon an. Manm estaf ki responsab dosye sa yo nan *Borough Field Support Center* a ap evalye rezilta yo, epi si l panse li apwopriye, l ap rekòmande Direktè *Field Support* la oswa reprezantan l pou transfere elèv la. Anplis, manm estaf ki responsab nan *Field Support Center* ap jwenn adrès reyèl kote elèv la abite. Direktè *Field Support* la, oswa reprezantan l, dwe evalye dokiman investigasyon an, epi deside si yo ase pou apwouve yon transfè. Direktè *Field Center* a oswa reprezantan l, dwe apresya enfòmè Direktè egzekitif enskripsyon Borough ak/oswa direktè lekòl la sou apwobasyon pou transfere elèv la.
2. Si yo oblije transfere elèv la, direktè lekòl la dwe avize paran an alekri pou fè l konnen:
 - a. rezilta investigasyon an; epi
 - b. timoun lan pa gen dwa ale nan lekòl li ye a, epi y ap transfere l nan lekòl apwopriye a; epi
 - c. non, nimewo ak adrès nouvo lekòl kote elèv la elijib la, ak dat transfè a ap antre anvigè jan Direktè egzekitif enskripsyon *Borough* a deside l la; epi
 - d. dwa paran an genyen pou ale ann apèl ak rezilta investigasyon an ke yo te voye ba Direktè *Field Support* la oswa reprezantan l ki sipòte lekòl la, nan espas senk jou apre yo voye lèt avi a.
3. Y ap transfere elèv la ann atandan desizyon sou apèl la sofsi Direktè *Field Support* la, oswa reprezantan l, ansanm ak direktè lekòl la ak Direktè egzekitif enskripsyon *Borough* a, deside ke sa pa apwopriye. Yo dwe bay rezilta sou apèl la nan espas dis jou lekòl.
4. Pou detèmine yon lekòl transfè ki apwopriye, y ap egzije paran an soumèt yon prèv adrès yo ka verifye.
 - a. Si nan pwosesis investigasyon adrès la yo verifye lekòl sektè elèv la, direktè lekòl kote elèv la ye kounye a oswa direktè kote yo ofri elèv la plas la ap voye fanmi an nan lekòl sektè a, ke y ap mete nan avi alekri yo voye bay fanmi an (gade B.2 ki pi wo a).
 - b. Si elèv la pa gen yon lekòl sektè pou zòn kote li rete a oswa si li elijib pou l ale nan lekòl segondè, Direktè egzekitif enskripsyon Borough a a deside sou nouvo lekòl la. Pou transfè pou yon lekòl nan yon lòt Borough, Direktè enskripsyon Borough ki pral resevwa elèv la ap deside nouvo lekòl la epi l ap mete elèv la sou lis si sa apwopriye.
 - c. Si yo wè elèv la pa abite nan Vil Nouyòk, y ap konsidere li kòm yon *non-resident*, nan ka sa a, y ap oblije paran an peye frè ekolaj lekòl la an konfòmite avè Règleman Chanselye A-125 pou tout tan elèv la te lekòl la, epi y ap mete elèv la deyò nan fen semès lè yo wè li pa rete nan Vil Nouyòk la. Anplis, elèv la pèdi tou dwa l pou l soumèt yon aplikasyon pou l rete nan lekòl la kòm yon elèv ki pa abite nan Vil la.
5. Elèv ki nan lojman tanporè ak elèv ki nan *foster care* pa oblije bay prèv adrès pou yo enskri lekòl; sepandan, yo ka fè investigasyon sou adrès sou yo si ta gen yon kesyon sou adrès elèv la oswa yon dout ki montre yo te fè fwod nan adrès la. Lè yo fin verifye adrès tanporè elèv la avèk yon vizit adomisil, elèv la ka kontinye vin lekòl san li pa bay lòt dokiman sou kote li abite.

VIII. SITIYASYON ESPESYAL

- A. Timoun ki pèdi

Si yo sispèk yon elèv ki nan yon lekòl se yon timoun ki pèdi "*missing child*," yon timoun ke yo te vòlè lè l t ap viv ak yon paran ki gen responsablite legal li, direktè a dwe admèt timoun lan epi kontakte pòs polis zòn lan imedyatman.

B. Minè emansipe (laj 16-17 ane)

1. Se sèlman elèv ki gran moun tèt yo epi ki pa p viv ak paran yo epi ki pa bezwen yo adopte l ni ki pa adopte ke yo konsidere kòm emansipe. Si yo vin gen prèv ke yon elèv se yon elèv emansipe, li pa oblije vini ak yon paran pou enskripsyon. Kesyon sa yo ka ede deside si yon elèv emansipe :

- Èske paran an refize pran responsablite l ?
- Èske elèv la pa p viv ak paran l oswa èske l ap peye lwaye nan kay paran l ?
- Èske se timoun lan ap regle pwòp zafè l pou kont li ?
- Ki dènye fwa elèv la te an kontak ak paran l ?

Yo ka mande yon elèv pou l siyen yon Deklarasyon pou di li pa depann de paran l *Affidavit of Emancipation* (gade dokiman siplemantè No. 5).

- Yo ka bay prèv adrès ak yon resi lwaye ki sou non minè a, yon deklarasyon moun ki lwe minè a kay la ekri, oswa yon deklarasyon notarye minè a bay.
- Nan ka kote elèv la poko gen 18 lane epi li marye, elèv la emansipe.

C. Elèv ki gen paran ki pa abite ansanm

- Yon timoun gen dwa pou l gen yon sèl adrès legal. Pou timoun ki gen paran ki pa p viv ansanm, yo sipoze adrès elèv la se adrès paran ki gen responsablite pou pran swen l lan.
- Si tribinal bay toude paran yo responsablite pou gade elèv lan, adrès elèv la se adrès paran ki gen premye responblite pou l viv avèk li.

D. Sanzabri, jèn k ap viv poukont yo ¹⁴ak jèn ki sove lakay yo

1. Definisyon:

- Yon timoun sanzabri se yon timoun ki pa gen yon adrès fiks, regilye ak konvenab leswa pou l rete. Pami timoun sa yo genyen k :
 - ap viv ak yon zanmi, yon paran oswa yon lòt moun poutèt fanmi li pèdi kay yo te abite a poutèt pwoblèm lajan, oswa pou yon lòt rezon (ke yo rele tou "*doubled up*"), oswa k ap viv nan yon motèl, yon otèl, yon tèren pou karavan, oswa anplasman pou *camping*, poutèt yo pa genyen lòt mwayen apwopriye pou akomode yo; oswa
 - ap viv nan yon *shelter* prive oswa piblik ke leta ede peye ki fèt pou ofri moun akomodasyon pou yon bout tan (paegzanp otèl komèsyal, lojman piblik ak lojman pou moun ki gen pwoblèm mantal fè tranzisyon); oswa
 - ap viv nan yon kay prive oswa piblik ki pa fèt pou moun dòmi oswa ke yo pa itilize kòm yon kote pou dòmi regilyèman; oswa
 - ap viv nan yon vwati, pak (jaden piblik), pwopriyete piblik, bilding abandone, kay ki an move eta, otobis oswa estasyon tren oswa menm kalite anviwònman.
- Jèn ki responsab tèt yo vle di yon jèn ki pa abite lakay yon paran oswa responsab.

¹⁴ Yon elèv ki responsab tèt li *unaccompanied/runaway youth* se elèv k ap viv nan yon pwogram lojman pou jèn ki sove kite kay yo *runaway youth*.

- c. Lekòl prensipal *School of origin* vle di lekòl timoun lan te ale lè li te abite nan yon kay anpèmanans oswa dènnye lekòl kote timoun lan te ale, paegzanp yon pwogram Pre-K.
2. Yon timoun sanzabri, ki endepandan oswa ki sove kite kay li ka swa rete nan lekòl li ye a (lekòl prensipal) swa transfere nan yon nouvo lekòl li elijib pou l ale dapre kote ki ta ka pi bon pou li a. Li pa obligatwa pou elèv sanzabri pwouve difikilte trajè avan yo transfere l nan yon lòt lekòl.¹⁵ Si yon elèv decide ale nan yon nouvo lekòl dapre nouvo adrès li, lekòl sa a dwe admèt touswit elèv sanzabri a oswa elèv k ap viv poukont li a, menmsi timoun lan oswa elèv k ap viv poukont li a pa kapab bay dokiman yo egzije nòmalmman pou enskripsyon. Gade CR A-780 pou plis enfòmasyon sou dwa elèv sanzabri.
 3. Yo panse li pi bon pou elèv pou yo kenbe l nan lekòl prensipal li, eksepte nan ka kote paran an, responsab la oswa elèv ki endepandan an mande pou li enskri nan yon lòt lekòl lekòl . Yo ta dwe konsidere plizyè faktè lè y ap decide sa ki pi bon pou elèv la tankou; konsekans depasman sou pwogrè, edikasyon, sante ak sekirite, ak priyorite pou chwa paran, responsab oswa jèn ki endepandan an.
 - a. Si gen yon dezakò pou konnen si elèv la ta dwe rete nan lekòl prensipal la oswa transfere nan yon nouvo lekòl kote li elijib pou ale dapre kritè admisyon, elèv la ap swa rete nan lekòl prensipal la oswa ale imedyatman nan lekòl kote l ap chèche ale a, ann atandan desizyon final dezakò a. Si lekòl yo mande a pa gen plas disponib ak/oswa si li limite, elèv la prale nan lekòl ki gen anpil elèv la oswa nan yon lòt lekòl ki nan zòn lan.
 4. Timoun k ap viv nan pwogram lojman pou viktim vyolans domestik se timoun sanzabri tou. Y ap itilize yon adrès postal ke yon paran bay pou yon elèv ki t ap viv nan yon kay kote gen vyolans domestik pou kenbe adrès elèv la an sekre, oswa y ap kreye yon adrès kote y ap itilize yon nimewo ki fèt ak de chif distri a ak de lèt apre y ap ajoute "DV", zòn lan, *borough* a, eta a ak kòd postal la. Paegzanp, Distri 1 = Box 01DV, New York, New York 10002.
 5. Lè yon elèv pa gen yon adrès pèmanan, sa pa yon rezon legal pou refize admèt li lekòl. Elèv sa yo gen dwa pou yo enskri imedyatman epi ale nan lekòl leta Vil Nouyòk menmsi elèv la pa ka prezante dokiman yo egzije nòmalmman pou enskripsyon, dapre Tit VII Lwa sou èd pou zanzabri *McKinney-Vento Homeless Assistance Act* (42 USC 11431) ak CR A-780.
 6. Yon elèv ki responsab tèt li *unaccompanied student* se yon timoun ki pa sou kont yon paran oswa yon responsab legal. Yon elèv ki responsab tèt li legalman pa oblije vini avèk yon adilt pou l ka enskri lekòl oswa transfere nan yon lekòl. Estaf oswa fonksyonè lekòl ki responsab enskripsyo, lè l aplikab, dwe konsidere laj ak sikonstans elèv la pou detèmine si yo dwe mete *Administration for Children's Services* okouran.
 7. Yo pa ka refize enskri yon elèv sanzabri nan yon lekòl poutèt li pa gen dokiman, tankou dokiman pou pwouve adrès li.
 8. Yo dwe bay elèv sanzabri k ap patisipe nan pwosesis admisyon pou monte nan lòt ane lekòl (prekindergarten, kindergarten, 6yèm ane ak 9yèm ane) menm priyorite pou admisyon avèk elèv nan menm zòn lan ki gen yon kay pèmanan pou abite.
- E. Elèv ki nan *foster care*
1. Definisyon:
 - a. "*Foster care*" vle di swen pou timoun yo pran nan men paran oswa responsab epi kote se ajans byennèt k ap pran swen l ak responsablite l. Sa vle di plasman nan

¹⁵ Transfè pou rezon trajè aplikab sèlman nan nivo lekòl segondè.

kay fanmi foster care, nan kay paran, kay angwoup, abri pou ijans, kay pou moun abite, enstitisyon pou swen timoun ak kay pou entansyon adopsyon.

- b. Lekòl prensipal *School of origin* vle di lekòl timoun lan te ale lè li te abite nan yon *foster care* oswa dènye lekòl kote timoun lan te ale, paegzanp yon pwogram Pre-K. Si foster care kote yon timoun ye chanje, y ap konsidere lekòl prensipal la kòm lekòl kote timoun lan ale nan moman chanjman an.
2. Elèv nan foster care ki chanje plasman foster care gen dwa pou rete nan lekòl prensipal la, menmsi yo ale abite nan yon lòt zòn lekòl, distri, vil oswa eta, sofsi yo jije li pa nan enterè elèv la pou yo fè sa.
 - a. Desizyon sou sa ki pi bon pou elèv la gen ladan faktè ki konsantre sou elèv la, tankou: si anviwònman akademik aktyèl la apwopriye, distans nouvo *foster care* la, parapò ak lekòl aktyèl la, sa elèv la pi pito ak/oswa paran oswa moun ki gen dwa pran desizyon nan edikasyon l, istwa nan transfè lekòl sibling elèv la ak konsekans yon transfè, tankou trajè. Se DOE ki ta dwe decide, ansanm ak ajans byennèt timoun lan, avèk opinyon ajans *foster care* a, paran *foster care* a, elèv la ak lekòl prensipal la, selon ka a.
 - b. Si yo jije li pi bon pou elèv la chanje lekòl, Direktè egzekitif pou enskripsyon Borough a oswa reprezantan l pral fè yon transfè nan yon lekòl kote elèv la elijib pou ale. Lekòl la pral enskri elèv la imedyatman menmsi li pa gen dosye yo egzije nòmalmman pou enskripsyon epi y ap kontakte imedyatman dènye lekòl elèv la te ye a pou jwenn dosye akademik ak lòt dosye ki enpòtan.
 - c. Pou elèv lekòl segondè ki nan foster care ki chanje plasman nan *foster care*, yo ka transfere l nan yon lekòl ki pi pre nouvo foster care a san yo pa oblije satisfè kondisyon transfè pou rezon distans si yo panse li pi bon pou elèv la transfere nan lòt lekòl.
- F. Elèv yo te konn anseye lakay li ak elèv yo te konn anseye nan lopital
- Yon elèv yo t ap anseye lakay li oswa nan lopital gen dwa retounen lekòl li te ye avan an sofsi Biwo enskripsyon elèv ansanm ak fanmi l, decide yon plas nan yon lòt lekòl ap bon pou li.
- G. Elèv ki pa sou kontwòl leta ankò
- Elèv ki te sou kontwòl Eta a, Vil la oswa ajans prive ki retounen nan lekòl leta gen dwa pou yo bay yo plas apwopriye nan lekòl tousuit. Pami enstitisyon sa yo genyen kay pou yon gwoup moun, sant sikyatri, sant pou timoun ki gen pwoblèm devlopman, sant pou detansyon, kote tribinal endike ak sant rezidansyèl pou tretman, tankou sa yo ki sou administrasyon Biwo Eta Nouyòk pou sèvis timoun ak fanmi *New York State Office of Children and Family Services (OCFS)* ak Administrasyon pou sèvis timoun *Administration for Children's Services (ACS)*, oswa Depatman Koreksyon (DOC). Elèv yo pa oblije bay lèt ki di yo te nan yon sant pou detansyon ki lage yo avan yo enskri lekòl.
1. Depi ajans lan detèmine y ap rekòmande yon plas pou elèv la retounen lekòl, ajans lan ta dwe voye yon lèt ki dekri chanjman kondisyon elèv la avèk dosye apwopriye lekòl li, ansanm avèk IEP li, ba Sant Byenveni pou Fanmi apwopriye ki travay avèk Biwo enskripsyon elèv la.
 2. Elèv ki kite lekòl leta Vil Nouyòk epi k ap retounen soti nan yon sant siveyans nan Vil Nouyòk oswa andeyò Vil Nouyòk gen dwa pou retounen nan lekòl ki pa espesyalize yo te ye avan yo te kite a si yo retounen nan yon espas yon lane apati dat yo te kite lekòl ki pa espesyalize dapre regleman sou enskripsyon yo pale nan dokiman sa a. *Office of Student Enrollment*, nan kolaborasyon avèk elèv la ak paran l ak responsab Field Support Center a, ka decide lekòl li te ye avan an pa apwopriye epi yo ka chèche mete l nan yon lòt lekòl.
 3. Elèv yo pa oblije bay lèt ki di yo te nan yon sant pou detansyon ki lage yo avan yo enskri lekòl.

- H. Elèv lekòl te ranvwaye lakay yo k ap retounen lekòl
1. Elèv yo te ranvwaye lakay yo k ap retounen lekòl, gen dwa retounen nan lekòl yo te ranvwaye yo a sofsi elèv la decide transfere nan yon lòt lekòl oswa yo transfere l san li pa vle dapre CR A-450. Elèv klas 8yèm ane yo te sispann yo te bay plas nan klas 9yèm ane otòn pwochen gen dwa pou jwenn plas sa yo depi yo ranpli kondisyon pou chanje klas 8yèm ane.
 2. Lekòl yo pa ka refize admèt yon elèv y ap transfere oswa k ap sòti yon nivo eskolè pou ale nan yon nivo siperyè poutèt yo te "ranvwaye l lakay li pou yon bout tan" anvan.

IX. PWOSESIS AVI SOU LIS/PWOSESIS TRANSFÈ

- A. Elèv y ap transfere nan fen ane lekòl la
1. Nan mwa jen, lekòl elèv la ap soti a "*sending school*" ap enfòmè lekòl k ap resevwa l la "*receiving school*" nan yon avi ki pou endike non l sou lis elèv Edikasyon jeneral ak elèv Edikasyon espesyal ki chanje klas k ap rantrè lekòl la an septanm.
 2. Direktè lekòl elèv la sòti a dwe siyen avi ki pou endike elèv ki sou lis yon lekòl epi konfime enfòmasyon sou nivo klas elèv la prale ak enfòmasyon sou vaksen li pran konplè ak kòrèk. Sipèvizè lokal Edikasyon espesyal la oswa reprezantan l dwe siyen lis kontwòl pou Edikasyon espesyal la.
 3. Tout lekòl k ap resevwa elèv k ap sòti nan yon lòt, ta dwe deziyen yon manm estaf ki la pou evalye dosye elèv ki fèk ap rantrè lekòl la. Si gen dokiman ki manke, lekòl k ap resevwa elèv k ap sòti nan yon lòt lekòl ta dwe enfòmè lekòl la pi vit posib.
 4. Manm estaf ki responsab admisyon elèv k ap sòti nan yon lòt nivo eskolè ap evalye dosye konplè elèv la, pake dokiman evalyasyon klinik yo fè pou elèv la ak lòt dosye konfidansyèl elèv la; l ap anbale yo epi l ap remèt yo ba lekòl k ap resevwa elèv la nan Jounen yo ki rele *Transfer of Records Day*, ki tonbe jeneralman yon jou nan de premye semèn mwa jen. Tout lekòl dwe fin fè tout aktivite sa yo nan fen ane lekòl la pou pi ta.
- B. Rezon pou itilize Pwosesis Avi Lis la
1. Biwo enskripsyon an retire elèv nan yon lekòl pou mete l nan yon lòt lekòl dapre Avi nan mwa jen sèlman pou rezon sa yo :
 - a. chanjman klas pou ale nan yon lekòl nivo siperyè (sa vle primè pou ale nan presegondè oswa presegondè pou ale nan segondè);
 - b. lekòl k ap fèmen, k ap ouvè oswa lekòl y ap reòganize;
 2. Lekòl yo gen dwa pa voye avi pou yon elèv pou nenpòt lòt rezon, eksepte pou sikonstans lè lekòl primè sa a pa rive nan klas 5yèm ane. Lekòl sa yo ka sèlman voye avi pou elèv nan dènye klas lekòl la rive a pou lekòl ki nan sektè elèv la abite a.
 3. Dapre seksyon I.A.18, elèv yo pran nan yon lekòl patikilye gen dwa pou rete jiskaske li rive nan dènye klas lekòl la genyen, menm si yo voye l nan yon zòn oswa yon distri ki diferan nan Vil Nouyòk epi yo pa ka voye avi ba nouvo *zoned school* li a. Elèv sa yo ka sèlman transfere dapre pwosedi ki dekri nan seksyon I.A.19.
- C. Lekòl ki pa nan Distri 75 (distri1-32) pa ka voye yon avi pou endike elèv ki sou lis lekòl nan Distri 75 - lekòl Pwogram onivo Vil la.
- D. Distri 75 ka voye avi sèlman ba yon lekòl segondè ki pa nan Distri 75 pou endike yon elèv li mete sou lis lekòl segondè a sèlman elèv la te patisipe nan pwosesis admisyon nan lekòl segondè epi si CSE te evalye elèv la yon lòt fwa epi IEP elèv la endike pou yo mete l nan yon anviwònman lekòl ki pa espesyalize.

- E. Yo pa ka mete nan avi kote yo enprime non elèv ki sou lis yon lekòl, non elèv Edikasyon jeneral k ap resevwa ansèyman DOE lakay yo oswa elèv k ap pran kou pandan yo lopital lè y ap prepare yon Avi, etandone yo pa sou rejis yon lekòl regilye.
- F. Yo pa ka mete non okenn elèv sou Avi lis yon lekòl ki pa nan senk borough yo.

X. EKSEPSYON

Chanselye a oswa reprezantan l ka pa respekte règleman sa a oswa nenpòt pati ladan l si li jije sa pi bon pou sistèm lekòl la.

XI. KESYON

Telefòn: 718-935-2009	<i>Si gen kesyon konsènan kondisyon pou enskripsyon, admisyon ak transfè, ou dwe kontakte :</i> Biwo Enskripsyon Elèv	<u>Faks:</u> 212-374-5568
Telefòn: 212-374-6095	<i>Si gen kesyon konsènan pwosedi ak règleman sou prezans, ou dwe kontakte :</i> <i>Office of School and Youth Development – Mandated Responsibilities</i>	<u>Faks:</u> 212-374-5751
Telefòn: 212-802-1500	<i>Si gen kesyon konsènan admisyon ak transfè nan Distri 75, ou ta dwe kontakte Distri 75.</i>	<u>Faks:</u> 212-802-1678
Telefòn: 917-521-3639	<i>Si gen kesyon konsènan admisyon ak transfè nan Distri 79, ou ta dwe kontakte Distri 79.</i>	<u>Faks:</u> 917-521-3649

DEKLARASYON RESPONSAB KI PA PARAN ELÈV LA

Dat: _____

ENFÒMASYON SOU ELÈV LA

SIYATI		NON		INISYAL		NIMEWO ID ELÈV LA	
DAT NESANS (mm/jj/aa)		LAJ	SÈKS: M F	ADRÈS KAY LA (nimewo kay ak ri)			APT #
BOROUGH		ETA		KÒD POSTAL		NIMEWO TELEFÒN KAY ()	

ENFÒMASYON SOU RESPONSAB ELÈV LA KI PA PARAN L

SIYATI		NON		LYEN AVÈK ELÈV LA			
ADRÈS KAY LA (nimewo kay ak ri)							
NIMEWO TELEFÒN KAY LA ()			NIMEWO TELEFÒN TRAVAY OU ()			NIMEWO SELILÈ ()	

Elèv sa a abite avèk mwen pou rezon sa yo:

Èske elèv la gen entansyon rete abite lakay ou ? _____

Pandan konbyen tan l ap abite avèk ou nan adrès pi wo a ? _____

ENFÒMASYON SOU PARAN/RESPONSAB

SIYATI		NON		LYEN AVÈK ELÈV LA			
ADRÈS KAY LA (nimewo kay ak ri)							
NIMEWO TELEFÒN KAY LA ()			NIMEWO TELEFÒN TRAVAY OU ()			NIMEWO SELILÈ ()	

Nan ka kote se yon lòt moun ki vin responsab elèv la, mwen dakò pou m kontakte lekòl elèv la imedyatman.

Mwen deklare mwen gen responsablite timoun sa a, epi/oswa mwen la pou kontwòle aktivite l yo, epi li abite avèk mwen nan adrès mwen endike pi wo a EPI

Mwen deklare ke manman ki te fè timoun lan/paran adoptif li/responsab legal li banm dwa pou m gen responsablite li ak/oswa kontwòl li EPI

Mwen deklare mwen responsab timoun lan sou plan finansye EPI

Mwen deklare enfòmasyon mwen bay pi wo yo se verite epi yo kòrèk.

Siyati responsab ki pa paran elèv la : _____

ETA NOUYÒK)
) ss:
 REJYON _____)

Fè deklarasyon sou sèman an prezans mwen nan dat _____

 Ane

DEKLARASYON ALEKRI NOTARYE PARAN FÈ

Dat: _____

ENFÒMASYON SOU ELÈV LA

SIYATI		NON		INISYAL		NIMEWO ID ELÈV LA		
DAT NESANS (mm/jj/aa)		LAJ	SÈKS: M F		ADRÈS KAY LA (nimewo kay ak ri)			APT #
BOROUGH		ETA		KÒD POSTAL		NIMEWO TELEFÒN KAY ()		

ENFÒMASYON SOU PARAN/RESPONSAB

SIYATI		NON		LYEN AVÈK ELÈV LA			
ADRÈS KAY LA (nimewo kay ak ri)							
NIMEWO TELEFÒN KAY LA ()			NIMEWO TELEFÒN TRAVAY OU ()			NIMEWO SELILÈ ()	

Pitit mwen an pa abite avèk mwen pou rezon sa yo:

Pitit mwen an pa abite avèk mwen men l ap viv avèk moun sa a nan adrès sa a:

SIYATI		NON		LYEN AVÈK ELÈV LA			
ADRÈS KAY LA (nimewo kay ak ri)							
NIMEWO TELEFÒN KAY LA ()			NIMEWO TELEFÒN TRAVAY OU ()			NIMEWO SELILÈ ()	

Pitit mwen an pral anba swen ak responsablite moun mwen site pi wo a ki abite nan adrès ki pi wo a pou peryòd tan:

Mwen deklare mwen se paran/responsab legal timoun sa a epi mwen renonse dwa m kòm responsab li, kòm moun ki gen kontwòl sou li, epi mwen pa responsab li sou plan finansye ankò. Pitit mwen an abite avèk moun mwen site pi wo a nan adrès pi wo a, epi mwen deklare moun sa a responsab li ak/oswa gen kontwòl li, epi se moun sa a k ap sipòte l sou plan finansye.

Mwen deklare enfòmasyon mwen bay pi wo yo se verite epi yo kòrèk. Nan ka kote se yon lòt moun ki vin responsab pitit mwen an, mwen dakò pou m kontakte lekòl pitit mwen an imedyatman.

Siyati paran: _____

ETA NOUYÒK)
) ss:
 REJYON _____)

Fè deklarasyon sou sèman an prezans mwen nan dat _____

 ane

Notè piblik

DEKLARASYON PARAN SOU PRÈV ADRÈS

An konfòmite avèk Règleman Chanselye A-101, Si yon paran soulwe yon apatman oswa yon kay, oswa si gen plis pase yon fanmi k ap viv yon kote epi se non yon sèl fanmi ki gen non l kòm lokatè oswa mèt kay la, paran an dwe prezante yon deklarasyon "Address Affidavit" notarye ke ni moun ki gen non l kòm lokatè oswa mèt kay la ak ni paran an siyen pou konfime ke fanmi an abite nan kay sa a, ansanm avèk de lòt dokiman pou verifye adrès kay fanmi an. ***Si son paran sanzabri, li dwe soumèt fòm sa a san deklarasyon ak siyati lokatè kay la.***

Seksyon A : ENFOMASYON ELÈV LA – Tanpri ekri byen klè avèk yon plim

SIYATI ELÈV LA	NON ELÈV LA	SÈKS(ochwa)	Gason / Fi
----------------	-------------	-------------	------------

DAT NESANS(MWA/JOU/ANE)	OSIS ## ID ELÈV LA (si li disponib)	# TELEFÒN
-------------------------	-------------------------------------	-----------

ADRÈS KAY ELÈV LA YE KOUNYE A (# kay la, Ri, Apatman Vil, Eta, Kòd postal)

Seksyon B : ENFOMASYON SOU PARAN – Tanpri ekri byen klè avèk yon plim

SIYATI PARAN/RESPONSAB	NON PARAN/RESPONSAB
------------------------	---------------------

ADRÈS KAY PARAN/RESPONSAB (# kay la, Ri, Apatman Vil, Eta, Kòd postal)

TELEFÒN KAY	TELEFÒN TRAVAY	SELILÈ	ADRÈS IMÈL
-------------	----------------	--------	------------

Seksyon C : ENFOMASYON SOU MOUN KI ABITE NAN KAY LA/LOKATÈ PRENSIPAL LA - Tanpri ekri byen klè avèk yon plim

SIYATI MOUN KI ABITE NAN KAY LA/LOKATÈ PRENSIPAL LA	NON MOUN KI ABITE NAN KAY LA/LOKATÈ PRENSIPAL LA
---	--

ADRÈS KAY MOUN KI ABITE NAN KAY LA/LOKATÈ PRENSIPAL LA KOUNYE A (# kay la, Ri, Apatman Vil, Eta, Kòd postal)

TELEFÒN KAY	TELEFÒN TRAVAY	SELILÈ	ADRÈS IMÈL
-------------	----------------	--------	------------

LYEN AK ELÈV LA	KANTITE TAN YO PREVWA L AP RETE LA
-----------------	------------------------------------

Se paran an ki pou ranpli pati sa a :

Mwenmenm, _____, paran _____,
(mete non elèv la ak dat nesans)

mwen sètifye nan dokiman sa a mwen abite avèk

_____ (mete non an)

nan adrès sa a _____
(mete adrès ak nimewo telefòn yo ka kontakte lokatè prensipal la)

Mwen konprann Depatman Edikasyon Vil Nouyòk *New York City Department of Education (NYCDOE)* gen dwa fè investigasyon sou prezans pou verifiye adrès mwen abite a epi pou l vizite kay lokatè prensipal la. Mwen konnen tou ke enskripsyon yon elèv nan yon lekòl baze sou zòn kote li abite, epi DOE gen dwa transfere elèv ki bay fo dokiman pandan enskripsyon an.

Si mwen chanje adrès, mwen dakò pou m avèti lekòl pitit mwen an epi bay nouvo prèv adrès.

Siyati Paran : _____

ETA NOUYÒK)
) ss:
REJYON _____)

Fè deklarasyon sou sèman an prezans mwen nan dat _____
_____ ane

Notè piblik

Se lokatè prensipal la/mèt kay la ki pou ranpli pati sa a:

Mwen sètifye nan dokiman sa a ke

_____ (mete non paran an ak timoun lan/yo)

abite avèk mwen nan adrès _____
(mete adrès la)

Mwen konnen siyati m ki nan deklarasyon sa a vle di mwen verifiye adrès _____
(mete non yo)

Mwen konprann tou Depatman edikasyon gen dwa fè investigasyon pou verifiye adrès moun ki nan deklarasyon sa a, tankou yo ka vizite kay mwen ak entèvyouwe vwazen m. Yo ka kontakte m nan nimewo mwen mete pi ba a (yo) si DOE ta vle mande plis enfòmasyon.

Siyati lokatè prensipal la : _____

ETA NOUYÒK)
) ss:
REJYON _____)

Fè deklarasyon sou sèman an prezans mwen nan dat _____
_____ ane

Notè piblik

FÒM ADMISYON PWOVIZWA

Dat

Chè _____,
Non paran oswa Responsab

Seksyon 101.7 (c) Lwa sou Edikasyon eta a ak CR A-101 egzije pou w bay enfòmasyon sou adrès ou abite lè w vin enskri pitit ou lekòl. Enfòmasyon sa a pèmèt lekòl la kontakte w lè gen yon ka ijan, pou l byen kominike avèk ou, oswa lè l nesèsè, pou lekòl la vin vizite lakay ou.

Prèw adrès ou bay la pa satisfè kondisyon ki tabli nan CR A-101. Poutèt sa, nou pran pitit ou a nan lekòl la pwovizwaman annatandan yon investigasyon sou adrès ak/oswa annatandan ou bay lòt dokiman pou pwouve adrès ou.

Si rezilta investigasyon an revele ke pitit ou a abite nan yon adrès ki pa nan sektè lekòl la oswa distri sa a, y ap transfere pitit ou a nan yon lekòl li elijib pou l ale dapre kote li abite a.

Nou remèsye w pou kooperasyon w nan zafè sa a.

Avèk senserite,

Direktè

- oswa -

Biwo enskripsyon elèv

KESYONÈ SOU LOJMAN

Paran/Responsab/Elèv

Fòm sa a la pou konsidere Lwa McKinney-Vento 42 U.S.C. 11435, epi yo dwe ranpli l pou chak elèv. **Enfòmasyon w bay yo rete konfidansyèl.** Yo pa p fè okenn diskriminasyon kont pitit ou a akoz enfòmasyon w ap bay yo.

Tanpri reponn kesyon sa yo konsènan kay kote elèv la rete a pou yo ka decide ki sèvis elèv la ta ka kalifye pou resevwa.

Remak pou lekòl yo/Lyezon nan lojman pou ti bout tan : Tanpri ede elèv ak fanmi yo ranpli fòm sa a. Pa sèlman mete fòm sa a nan pake dokiman enskripsyon an paske si elèv la kalifye kòm yon moun ki abite nan yon lojman tanporè, **elèv la pa p oblije soumèt prèv adrès** ak lòt dokiman obligatwa ki ta ka nan pake dokiman enskripsyon an. Distri a pa ka divilge okenn enfòmasyon sou kondisyon lojman elèv san konsantman paran.

Non elèv la			
Siyati	Non	Inisyal	
# OSIS	Dat nesans (mwa/jou/ane)	Sèks	Lekòl

Tanpri fè konnen kijan elèv la ap viv aktyèlman. **Tanpri tcheke yon kazye:**

Tcheke(v)	Chwa kesyonè sou lojman	Kòd ATS	Pati sa a rezève pou moun nan lekòl la sèlman
	Abite ak yon moun <i>Doubled-up</i> Avèk yon lòt fanmi oswa yon lòt moun poutèt li pèdi kay li oswa poutèt li gen pwoblèm lajan	D	
	Shelter Shelter pou ka ijans oswa shelter pou tranzisyon annatandan li jwenn yon kay pou abite	S	
	Otèl/motèl Ap viv yon kote ki PA yon shelter pou ka ijans ni shelter pou tranzisyon epi sa enplike peman	H.	
	Lòt sitiyasyon lojman tanporè Anplasman pou karavan, teren pou kan, machin, pak, plas piblik, bilding abandone, lari, oswa nenpòt lòt kote moun pa ta sipoze ap viv	T	
	Lojman pèmanan Elèv ki abite nan yon kay fiks, regilye ak sitiyasyon lojman ki ok	P	

Si elèv la PA abite nan yon lojman pèmanan, fè konnen tou si sitiyasyon pi ba yo konsène l:

		Pati sa a rezève pou moun nan lekòl la sèlman
	Jèn k ap viv poukont yo Jèn ki pa sou responsablite yon paran oswa yon responsab	Mete "Y" si se sa

Non paran/responsab (enprime)

Siyati paran/responsab

Dat

Tanpri voye fòm sa a tounen nan lekòl pitit ou a jan yo mande sa a.

Sonje: Repons ou bay pi wo a pral ede yo decide ki sèvis oumenm oswa pitit ou a ta kalifye pou resevwa dapre Lwa McKinney-Vento. Elèv ki sou pwoteksyon Lwa a, gen dwa pou yo enskri yo imedyatman lekòl menmsi yo pa gen dokiman yo ta bezwen genyen nòmalmman, tankou prèv sou kote yo abite, dosye lekòl, dosye vaksinasyon, oswa batistè. Aprè elèv la fin enskri, nouvo lekòl la dwe kontakte lekòl elèv la te ye avan an pou mande dosye edikasyon l paegzanp dosye vaksen, epi lyezon pou elèv nan lojman tanporè (STH) la(yo) dwe ede elèv la jwenn tout lòt dokiman nesèsè yo oswa dosye vaksen yo. Elèv ki sou pwoteksyon Lwa McKinney-Vento ka gen dwa tou pou jwenn mwayen transpò gratis ak lòt sèvis. Tanpri li CR A-780.

Fòm sa a vini ak yon dokiman siplemantè yon paj ki gen tit, Lwa McKinney-Vento pou ede elèv zanzabri – Gid pou paran ak jèn sou elèv ki nan lojman tanporè. ”.

LWA MCKINNEY-VENTO POU EDE ELÈV SANZABRI
Elèv k ap viv nan yon lojman tanporè– Gid pou paran ak jèn

SIJÈ	ENFÒMASYON ENPÒTAN
Yo konsidere timoun k ap viv nan sitiyoasyon sa yo kòm sanzabri nan objektif dwa pou edikasyon dapre Lwa McKinney-Vento:	<ul style="list-style-type: none"> Nan yon <i>shelter</i>, <i>shelter</i> an tranzisyon, motèl, sou yon teren camping, abandone nan yon lopital, oswa k ap tann yo plase yo nan yon fanmi akèy <i>foster care</i>. Nan yon machin, pak, plas piblik, otobis, tren, oswa bilding abandone. Ki abite ka zanmi oswa fanmi poutèt li pa ka jwenn oswa peye yon kay.
Jèn k ap viv poukont yo	<ul style="list-style-type: none"> Jenn ki pa sou kont fizik yon paran oswa responsab epi ki satisfè fason yo defini mo sanzabri nan eksplikasyon ki pi wo a . <p align="center"><i>Jèn sanzabri k ap viv poukont yo gen menm dwa avèk jèn sanzabri k ap viv avèk yon paran oswa yon responsab.</i></p>
Elèv ki nan kategori ki koresponn avèk jan yo defini sanzabri dapre Lwa McKinney-Vento a, gen dwa sa yo:	<ul style="list-style-type: none"> Yon edikasyon leta gratis. Enskri san delè nan lekòl sektè yo abite a. Ale lekòl kèlkeswa kantite tan y ap viv nan adrès yo abite kounye a. Rete nan lekòl yo te ye avan an (lekòl yo te ye avan yo vin pa gen kote pou rete a oswa dènye lekòl yo te konn ale a) oswa deside ale nan nouvo lekòl sektè yo fèk abite a. Sèvis transpò pou alevini ant lakay yo ak lekòl. Pou yo pa refize admèt yo lekòl imedyatman jis poutèt sitiyoasyon yo oswa poutèt yo pa gen dokiman yo mande pou enskripsyon. Pou yo pa mete yo apa nan lòt pwogram ki pa pwogram regilye lekòl la poutèt yo se sanzabri. Resevwa manje lekòl gratis.
Enfòmasyon enpòtan :	<ul style="list-style-type: none"> Chak borough gen omwen yon espesyalis pou elèv ki nan lojman tanporè (STH), ki sèvi kòm lyezon STH, epi ki jere pwogram ak sèvis ki fèt pou ede timoun sanzabri kontinye edikasyon yo. Espesyalis pou pwoblèm STH la sipèvize yon gwoup Asistan pou fanmi. Ou ka jwenn enfòmasyon sou Espesyalis sa yo la a¹. Anplis, Distri 75 ak Distri 79 genyen chak yon lyezon STH patikilye ki disponib pou ede timoun sanzabri pou bezwen edikasyon yo. Gen asistan pou fanmi nan <i>shelter</i> ak nan kèk lekòl. Yo gen responsablite ede paran sanzabri ak pitit yo pou bezwen edikasyon yo. Asistan pou fanmi yo disponib pou ede paran/responsab fè enskripsyon pitit yo lekòl, fè yo pran vaksen, jwenn dosye lekòl, epi fè aranjman pou mwayen transpò alevini ant lakay ak lekòl. Estaf lekòl la pa dwe ezite kontakte lyezon STH yo a pou poze kesyon patikilye, pou fè aranjman pou trening, oswa pou ede jèn k ap viv nan yon kay san poukont yo.
Chwa lekòl :	<ul style="list-style-type: none"> Lekòl yo dwe pèmèt paran/responsab chwazi lekòl pou pitit yo lè pitit yo pa gen kote pou yo rete. Paran an/responsab la ka chwazi pami lekòl sa yo : <ol style="list-style-type: none"> Lekòl timoun lan te ale lè l te gen yon kay fiks (lekòl orijin lan); Dènye lekòl elèv la te ye a; oswa Tout lekòl ki disponib pou yon timoun ki gen yon kay fiks ki nan zòn kote elèv sanzabri a abite pou kounye a.
Enskripsyon nan lekòl : (Se si sèlman pitit ou a pa enskri nan yon lekòl oswa si ou vle chanje l lekòl.)	<ul style="list-style-type: none"> Lekòl primè – enskri pitit ou nan lekòl ki nan lekòl sektè w abite a. Si w abite nan yon <i>shelter</i> Depatman sèvis sanzabri Vil Nouyòk, asistan pou fanmi nan <i>shelter</i> ou abite a ap ka ede w, si w bezwen. Si pa gen asistan fanmi nan <i>shelter</i> w la oswa si w pa abite nan yon <i>shelter</i>, tanpri kontakte lyezon STH ou a pou l ede w. Lekòl presegondè – menm pwosedi ak lekòl primè eksepte lè distri ou abite a pa gen lekòl presegondè pou sektè ou abite a, donk ou dwe ale nan Sant byenveni pou fanmi an. Pou w jwenn adrès Sant byenveni pou fanmi yo, tanpri telefone 311. Lekòl segondè – tout elèv lekòl segondè dwe enskri nan Sant byenveni pou fanmi an. Pou w jwenn adrès Sant byenveni pou fanmi ki pi pre w la, tanpri telefone 311.
Pwoblèm onivo enskripsyon :	<ul style="list-style-type: none"> Si gen yon pwoblèm onivo chwa lekòl oswa enskripsyon, yo dwe admèt pitit ou imedyatman nan lekòl w ap chèche enskri l la, annatandan yo fin rezoud pwoblèm lan. Lekòl la dwe ekri paran/responsab la pou eksplike desizyon yo pran sou pwoblèm lan, ladan dwa paran/responsab la pou l ale ann apèl, epi rekòmande l ba Asistan pou fanmi STH la oswa lyezon STH la pou ede l.
Transpò	<ul style="list-style-type: none"> Elèv ki nan kategori ki koresponn avèk jan Lwa McKinney-Vento a defini sanzabri, gen dwa pou mwayen transpò alevini ant lakay yo ak lekòl, si l nesèsè. Si gen otobis ki disponib, y ap ofri elèv ki nan klas Kindergarten jiska klas 6yèm ane transpò nan otobis, si pa genyen ki disponib, y ap elijib pou <i>Metro Card</i> pou. Pou elèv nan klas Pre-K jiska klas 6yèm ane ki elijib pou mwayen transpò, epi ki resevwa yon MetroCard elèv, paran yo/responsab yo elijib pou mwayen transpò piblik (<i>MetroCard</i>) pou mennen pitit yo lekòl. Elèv nan klas 7yèm grade jiska klas 12yèm grade elijib pou <i>MetroCard</i> pou elèv.

Pou plis enfòmasyon, tanpri kontakte lyezon STH nan borough ou oswa telefone 311.

¹ <http://schools.nyc.gov/NR/ronlyres/6C02DF12-F56D-4024-BE84-EA5B6A51A7B9/0/CopyofSTHContactInformationFORDISTRIBUTION.pdf>

Se Twazyèm moun lan ki pou ranpli pati sa a :

Mwen, _____, konnen an premye men ke

_____ ak _____
(Mete non paran/responsab) (Mete non timoun lan (yo)

abite nan _____
(Mete adrès)

Mwen konprann ke yo pral voye dokiman sa a ba Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (DOE), epi desizyon DOE pral depann sou deklarasyon sa a mwen fè sou sèman. M ap remèt dokiman sa a an fonksyon bon konesans mwen genyen sou bagay mwen mansyone pi wo yo. Tout deklarasyon fo mwen fè ka lakòz sanksyon dapre lalwa.

Mwen konprann ke DOE ka fè yon Envestigasyon sou prezans pou verifye si bagay mwen di pi wo yo se verite, sa ka okazyon tou y al vizite adrès kay la ak entèvyouwe vwazen. Mwen konnen tou enskripsyon elèv la nan lekòl baze sou elijiblite dapre adrès kay mwen deklare pi wo a, epi DOE gen dwa transfere elèv ki bay fo dokiman lè l t ap enskri a.

Yo ka kontakte m nan nimewo mwen mete pi ba a (yo) si DOE ta vle mande plis enfòmasyon.

Non (Ekri avèk lèt detache) _____

Syati : _____

ETA NOUYÒK)
REJYON _____) ss:

Fè deklarasyon sou sèman an prezans mwen nan dat _____
_____ ane

Notè piblik

Se paran oswa responsab elèv la ki pou ranpli pati sa a :

Mwen deklare nan dokiman sa a ke mwen, abite nan adrès mwen mete pi wo a. Mwen konprann tou Depatman edikasyon gen dwa fè investigasyon pou verifye adrès moun ki nan deklarasyon sa a, tankou yo ka vizite kay mwen ak entèvyouwe vwazen m. Mwen konnen tou enskripsyon elèv la nan lekòl baze sou elijiblite l dapre adrès kay li deklare pi wo a, epi Depatman edikasyon gen dwa transfere elèv ki bay fo dokiman lè l t ap enskri a.

Siyati paran/responsab _____ Dat : _____